Армэ дэшыгъуэр и гуащIэгъуэу йокIуэкI

2-нэ нап.

Пкъыри, псэри, Хэкури, бзэри

3-нэ нап.

Зи акъылыр жан, зи гупсысэхэр нэху

4-нэ нап.

Дунейпсо чемпионыр ди хамэкъым

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№76 (24.826) • 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 25, бэрэжьей • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и IэтащхьэмрэПравительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Шынагъуэншагъэм хуосакъ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий округым шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным, коррупцэм щыпэщIэтыным, хабзэр нэгъэсауэ щызекIуэным кIэлъыплъ, зи чэзу зэзыгъэуIу зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР тепсэлъыхьащ КИФЩI-м хиубыдэ щIыналъэхэм ит, щIэпхъаджащIэхэм тезыр щахь щIыпIэхэм щаIыгъхэр къэралым пэщIагъэувэн мурад зиIэхэр зэрыщыIэм, абыхэм я мурадхэр къаймыхъулIэн папщIэ, зэфIэгъэкIыпхъэ Iуэхухэм. КъинэмыщIауэ, КИФЩI-м лэжьакIуэ къакIуэхэм дэфтэр езытхэм хабзэншагъэ къамыгъэхъун хуэдэу, хабзэхъумэхэм зэфIагъэкIыпхъэхэм тепсэлъыхьащ.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм хуаIэ еплъыкIэр къагъэлъэгъуащ КИФЩI-м хиубыдэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм, УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэм и къудамэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщI Бачурин Сергей, Жуковым и цIэр зезыхьэ, Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ гвардием и дзэхэм я унафэщI Спиридонов Владимир, УФ-м и ФСБ-м и УнафэщIхэм я советым и нэхъыщхьэ, ФСБ-м и Управленэм и къудамэу Ставрополь крайм щыIэм и унафэщI Усов Олег, щIыналъэ зыбжанэм зэдай Росфинмониторинг IуэхущIапIэм и Управленэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщI Русин Алексей сымэ. ХьэщIэ къэрагъэблэгъахэми я еплъыкIэр къагъэлъэгъуащ.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Чайкэ Юрий къыхигъэщащ КИФЩI-м иубыд увыпIэмрэ ар лъэпкъыбэрэ динибэу зэрызэхэтым къыхэкIкIэ, Урысейм и Iей зезыхуэ хамэ къэрал бзаджащIэхэми мурадыфI зимыIэ нэгъуэщI къарухэми абы мафIэ къыщызэщIагъэстын хьэзыру къызэрещакIуэр, ар абыхэм къебгъэхъулIэ зэрымыхъунур. Хабзэм къемызэгъ Iуэху къэмыгъэхъуным набдзэгубдзаплъэу хущытын хуейщ, бэлыхьым къыщIимыдзэ щIыкIэ, ирагъэгъэзэжыфын хуэдэу. А мурадыр къулыкъущIапIэ псоми я къарумрэ лэжьыгъэмрэ зэрагъэуIуу фIэкIа зрагъэхъулIэфынукъым.

ЗэIущIэм и кIэм Чайкэ Юрий цIыху щхьэхуэхэм унафэ пыухыкIахэр яхуищIащ.

Гъавэ Iухыжыгъуэр къоблагъэ

Аруан щIыналъэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэсащ икIи псоми зэхэту гектар 11 212-м гъатхасэр тращIащ. Абы щыщу нартыхур гектар 5 364-м, соер гектар 1657-м, хьэр гектар 1 207-м иратащ.

2025 ГЪЭМ къэрахьэлIэжыну бжьыхьэсэм псори зэхэту ирагъэубыдащ гектар 1792-рэ. Абы щыщу гуэдзым хухахащ гектар 1553-рэ, хьэм гектари 159-рэ, рапсым гектар 80. IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, нэгъабэ хащIа гъавапхъэм гъэр хъарзынэу ирихащ икIи щIыгъэпшэрхэри ирикъуу иратащ.

ДызыхуэкIуэ махуэхэм щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэм гъавэр Iухыжын щIадзэнущ икIи бэгъуауэ ар къэрахьэлIэжыну мэгугъэ.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

НэхъыфIхэм гулъытэ хуащI

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-майор Васильев Сергей и нэIэм щIэту екIуэкIа зэIущIэм щызэхалъхьэжащ 2025 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэр.

АБЫ хэтащ управленэм и унафэщIым и къуэдзэхэр, IэнатIэхэм, къудамэхэм я унафэщIхэр.

- IэнатIэхэм я къару нэхъыщхьэхэр хуэунэтIауэ щытащ жылагъуэ хабзэр хъумэнымрэ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ. ЩIыналъэ управленэм япэ илъэс ныкъуэм къыхуагъэува къалэнхэр нэсу зэфIигъэкIащ, - жиIащ Васильев Сергей.

ЗэIущIэм и кIэухыу щIыналъэ IэнатIэм и унафэщIым гупым фIыщIэ яхуищIащ я лэжьыгъэфIым папщIэ, къыхэжаныкIахэм къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр, саугъэт лъапIэхэр яритащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр зэрагъэзащIэр я нэIэ щIэтщ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэу щыIэм дэлажьэ IэщIагъэлIхэм я советым и зэIущIэ.

АБЫ хэтащ КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу щыIэ Зумакулов Борис, КъБР-м и дзэ комиссар Будаков Антон, КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным и ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимур, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Хьэщхъуэжь Борис, УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Дыкъынэ Заремэ, «Хэкум и дзэлIхэм я унагъуэхэм я комитет» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Ореховэ Каринэ сымэ.

Зумакулов Борис псом япэу тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и уполномоченнэхэм я Iуэхур зэзыгъэуIу советым и лэжьыгъэр къыщипщытэж зэIущIэу Екатеринбург щекIуэкIам къыщаIэта Iуэхугъуэхэм. Зэхьэр ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ УФ-м и уполномоченнэ Москальковэ Татьянэ и нэIэ щIэту къызэрагъэпэщащ, зэIущIэм хэтащ губернаторхэр, депутатхэр, сенаторхэр, департаментхэм я унафэщIхэр, къулыкъущIапIэхэм я Iэтащхьэхэр.

Зумакуловым зэрыжиIамкIэ, Москальковэм и къэпсэлъэныгъэм нэхъыщхьэу къыхигъэщар УФ-м иригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхар къэралым и социальнэ политикэм и Iыхьэшхуэу зэрыщытырщ. Абы лъабжьэ хуэхъур Хэкум и щIыхьыр яхъумэу зауэ губгъуэм ит зауэлIхэм къэралыр ядэIэпыкъун зэрыхуейрщ.

- УнафэщIым хуабжьу зэпкърыхауэ къигъэлъэгъуащ зэхэуэ гуащIэхэр зи фэм дэкIахэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм къэралым яхуищI гулъытэр, абыхэм я хуитыныгъэхэр хъума хъун папщIэ уполномоченнэхэм я пщэ къыдэхуэ къалэнхэр, зауэлIхэм я унагъуэхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызыщIагъакъуэр, нэгъуэщIхэри, - къыхигъэщащ Зумакулов Борис. - Къэбгъэлъагъуэмэ, Урысей Правительствэм и унафIэкIэ, къэралым зауэлIхэм яхуищI гулъытэм къыдэкIуэу, щIыналъэхэм езыхэм я жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща дэIэпыкъуныгъэхэри щыIэщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, дэнэ щIыпIи щызэтеублащ щIыналъэ хуэгъэкIуатэхэр: псэукIэр тынш ящыщIыным, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным, я щIэныгъэр хэгъэхъуэным, лэжьапIэ IэнатIэ къахуэгъуэтыным, пщIэншэу юрист дэIэпыкъуныгъэ етыным, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр.

Урысей Федерацэм щылажьэ уполномоченнэхэм, адрей къэрал къулыкъущIапIэхэми хуэдэу, СВО-м щыIэхэм, зэхэуэ гуащIэхэм хэтахэм, абыхэм я унагъуэхэм къэралыр зэрадэIэпыкъуну ягъэбелджылар ялъысынымкIэ шэсыпIэр къахуэрегъэпэщ. Дэ зыми и хуитыныгъэр къызэпедгъэудынукъым, апхуэдэ къызыщыщIа щыIэмэ, пэжыр хабзэм тету зэфIэдгъэувэжынущ.

Республикэм хабзэм щыкIэлъыплъхэми Къэбэрдей-Балкъэрым ис цIыхубэми пщIэшхуэ хуащIу, гууз-лыуз яхуиIэу апхуэдэщ Хэку зауэшхуэм, Афган зауэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ щызыгъэлъэгъуа ди адэшхуэхэмрэ къуэшхэмрэ хуэдэу ноби хахуэу дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди лIыхъужьхэм.

Сэри къыздэлажьэхэри СВО-м хэкIуэдахэм я унагъуэхэм дахуозэ, ахэр зыхуэныкъуэхэмкIэ защIыдогъакъуэ, къэралыр къазэрыдэIэпыкъупхъэхэр къахуздогъэпэщ.

Дзэ Iуэху хэхар зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэу щыIэм цIыхуи 145-м зыкъыхуагъэзащ. ЛъэIухэм ящыщт зи хъыбар ямыщIэхэр къэгъуэтыжыныр, гъэру яубыдахэр къегъэутIыпщыжыныр, сэлэт хэкIуэдам и унагъуэм ират ахъшэр яIэрыгъэхьэжыныр, уIэгъэ хъуахэм ахъшэ зэрыратыр зэтеублэныр, нэгъуэщIхэри. Ахэр псори зэпкърах Уполномоченнэр, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и лIыкIуэр, республикэм и дзэ комиссарыр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и лэжьакIуэхэр, «Анэхэм я комитетым» щыщхэр зыхэт гупым. Иджыпсту ди республикэм щыщу сэлэт 15 гъэру щаIыгъщ Украинэм. Ахэр иджы кърашыжыну цIыху гупым къыхагъэхуэну дыщIэлъэIуащ. Дэ сытым дежи жыджэру дыхэтщ СВО-м щыIэхэм гуманитар зэрыдэIэпыкъу хурагъэшэну щызэхуахьэскIэ.

Къапщтэмэ, ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ къулыкъущIапIэм и лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр къыхилъхьащ СВО-м. Дэ зэгъэтIылъэкI имыIэу дадэIэпыкъун хуейщ абы щыIэхэмрэ я унагъуэхэмрэ. Мы гъэр къызэрихьэрэ зауэлIхэм ятеухуа лъэIуу 33-рэ къытIэрыхьащ. Абыхэм я нэхъыбэри, зэрыжысIауэ, хъыбарыншэу кIуэдахэр Дунейпсо Жор Плъыжьым и IэмалхэмкIэ къэгъуэтыжынымрэ гъэру яубыдахэр къегъэутыпщыжынымрэщ зыщIэлъэIур. Дэ унагъуэхэм докIуэ, Iуэхур зытетыр зыдогъащIэри, гугъуехьыр зэфIэхынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуну къэрал къулыкъущIапIэхэм запыдощIэ, гузэвэгъуэ хэхуахэр икIэщIыпIэкIэ дгъэтыншыжын папщIэ.

Зумакулов Борис адэкIэ тепсэлъыхьащ 2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъэхэмкIэ цIыху 452-м зэрызыкъыхуагъэзам, абыхэм ящыщ дэтхэнэми и чэзум гулъытэ зэригъуэтам, гугъуехьым я нэхъыбэр зэрагъэзэкIуэжам.

КъэпсэлъапIэр хуит зыхуащIа, дзэ комиссар Будаков Антон тепсэлъыхьащ мы лъэхъэнэм дзэ Iуэху хэхам щыIэм зэрадэIэпыкъу щыкIэхэм, республикэ, район военкоматхэм абыхэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Псом нэхъапэ ирагъэщыр телефонкIэ зызыпамыщIэф сэлэтхэм я Iыхьлыхэм ядэIэпыкъунырщ. Апхуэдэхэм деж военкоматым и Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ зауэлIхэр здэщыIэ щIыпIэр, и Iуэху зытетыр къащIэ, а хъыбарыр адэ-анэм Iэрагъэхьэ. Къэзыгъэзэжахэм зауэ губгъуэм итахэм яIапхъэ дэфтэрхэр хузэрагъэпэщ.

УФ-м и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэмрэ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ къыхузэрагъэпэщ къэрал дэIэпыкъуныгъэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Дыкъынэ Заремэ. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, фондыр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ ядоIэпыкъу СВО-м щыIэхэмрэ щIалэхэм я Iыхьлыхэмрэ. Зэи къызэтемыувыIэу йокIуэкI ветеранхэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ хуагъэбелджыла хуэгъэкIуатэр, зи щхьэгъусэ, адэ зыфIэкIуэда унагъуэм, сабийхэм ират ахъшэр, хэкIуэдахэм хухах мылъкур, зэхэуэхэм хэта ветеранхэм мазэ къэс хуагъэув ахъшэр къахузэгъэпэщыныр. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэр.

Хьэщхъуэжь Борис зэрыжиIамкIэ, къэрал IуэхущIапIэ псори зэпыщIауэ зэдолажьэ. СВО-м щыIэхэм ятеухуауэ министерствэмрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондымрэ сыт щыгъуи зэрощIэ икIи дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ псоми зыщIагъакъуэ.

«Урысей Федерацэм и Правительствэм къызэригъэувым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщащта Унафэм изагъэу министерствэр сымаджэхэми, уIэгъэхэми, никъуэдыкъуэхэми сэбэп яхуохъу, сымаджэщым щIэгъэгъуэлъхьэн хуейхэри, госпиталым зи узыншагъэр щегъэфIэкIуапхъэхэри ипIэ ирагъэзагъэ, - жиIащ Хьэщхъуэжьым. - СВО-м хэтхэми абыхэм я унагъуэм исхэми хущхъуэр, я узыншагъэр зэрызэтрагъэувэж Iэмал псори пщIэншэу е и уасэ ныкъуэм фIэкIа темыхуэу къазэрыхуздгъэпэщыным иужь дитщ, республикэ мылъкум къыхэкIыу. Иджыблагъэ зауэлIхэм зыхуей медицинэ Iуэхутхьэбзэ псори тыншу иризэфIагъэкIыфу картэ еттын щIэддзащ. Ауэ зэкIэ а картэр зыIэрыхьар цIыху 15 къудейщ. Картэр езы сэлэтым и Iэр щIэлъу, IуэхущIапIэм къыщалъагъуу иратын зэрыхуейм къыхэкIкIэ, Iуэхур тIэкIу кIыхьлIыхь мэхъу. Ауэ ар хуабжьу сэбэпщ дохутырхэм я зэманыр зэгъэзэхуа хъунымкIэ, СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм ящыщхэмрэ я узыншагъэр пIалъэ къыхэмыкIыу зэфIэгъэувэжынымкIэ.

Къэпсэлъахэм, IэщIагъэлIхэм я советым хэтхэм къыхалъхьа жэрдэмхэр зэрыт тхылъымпIэ ягъэхьэзыращ республикэм и гъэзэщIакIуэ къулыкъущIапIэхэм иратъэхьыну.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Ди къуэш республикэхэм

ЗэпыщIэныгъэм зрагъэубгъу

МЕЙКЪУАПЭ. **Адыгэ Республикэм и унафэщI КъумпIыл Мурат иджыблагъэ IущIащ сату Iуэхухэм пыщIауэ Белоруссием къикIа лIыкIуэ гупым.**

ИУЖЬРЕЙ илъэсищым къриубыдэу Адыгеймрэ Белоруссиемрэ я сату зэпыщIэныгъэхэр ирагъэфIэкIуащ икIи республикэм и унафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, щIыналъэм экономикэ щIыб зэпыщIэныгъэ зыхуиIэхэм ящыщу, ар экспорту е импорту ирехьу, Белоруссиер япэ итхэм яхэтщ. Гугъэ щыIэщ дызэрыт илъэсми промышленностымкIэ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ, транспортымрэ логистикэмкIэ, туризмэмкIэ я зэпыщIэныгъэхэм зрагъэубгъуну.

Апхуэдэуи лъэныкъутIри тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм зэрыщызэдэлажьэм, ар егъэфIэкIуа зэрыхъунум. ЗэIущIэм къыщыхэщащ Адыгейм и IэщIагъэлIхэм я щIэныгъэм щыхрагъэгъэхъуэну Белоруссием и университетхэр зэрыхьэзырыр.

ИужькIэ хьэщIэхэр щыIащ республикэм и IуэхущIапIэ нэхъ инхэм ящыщ «Картонтара»-мрэ «Питейный Дом»-мрэ.

Зэрызэдэлэжьэнум топсэлъыхь

СЫХЪУМ. **Абхъазым егъэджэныгъэмкIэ и министр Гунбэ Хьэнэ иджыблагъэ IущIащ УФ-м и министр Кравцов Сергей икIи ахэр тепсэлъыхьащ а унэтIыныгъэм зэрыщызэдэлэжьэну щIыкIэхэм.**

КРАВЦОВ Сергей къыхигъэщащ абы теухуауэ лъэныкъуитIым мы гъэм мазаем зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм щауб-зыхуахэр зэрагъэзащIэр. Апхуэдэ Iуэхугъуэу 63-рэ ирагъэкIуэкIакIэщ. Абы хохьэ Абхъазым и егъэджакIуэхэм иджырей IэмэпсымэхэмрэобрудованэхэмкIэ ядэIэпыкъуныр, урысыбзэмкIэ олимпиадэхэр егъэкIуэкIыныр, тхылъхэмкIэ еджакIуэхэр къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэуи Кравцовым жиIащ Абхъазым и егъэджакIуэ 400-м я щIэныгъэм храгъэгъэхъуэну зэрыхьэзырыр.

ЛIыхъужьыгъэр зыIэтхэр

ЧЕРКЕССК. «**Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм къызэрегъэпэщ дзэ Iуэху хэхам тетхыхь усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я зэIущIэхэр. Иджыблагъэ апхуэдэ зэхуэс щызэхэтащ партым и жылагъуэ штабу Черкесск къалэм дэтым. Абы щрагъэблэгъащ усакIуэ, тхакIуэ, публицист Тхьэгъэпсо Увжыкъуэрэ СВО-м лIыгъэ зэрихьэу хэкIуэда и адэм теухуа тхылъ зытха ДыщэкI Миланэрэ.**

«СИ адэр цIыху къызэрыгуэкIыу щытащ, ауэ СВО-м зэрыщIидзэу ар езым и фIэфIыныгъэкIэ абы кIуащ. Тхылъыр стхащ лIыхъужь нэсхэр къызэрытхэтыр нэхъыщIэхэми нэхъыжьхэми ящIэн папщIэ. Ахэр псори цIыху къызэрыгуэкIхэщ, си адэм хуэдэу. Тхылъхэр школхэм естынущ, абы и фэеплъыр мыкIуэдыжын папщIэ», - жиIащ ДыщэкI Миланэ.

«Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм щыжаIащ дзэ Iуэху хэхам теухуа тхыгъэхэр зи Iэдакъэщ1экI, лIыгъэр, напэр, хэкупсагъэр зыгъэлъапIэ нэгъуэщI тхакIуэхэри мыпхуэдэ зэIущIэхэм къызэрырагъэблэгъэнур.

Зыгъэхьэзырар
ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.

Армэ дэшыгъуэр и гуащIэгъуэу йокIуэкI

● Дзэ Iуэху

ХъыбарегъащIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм къытIущIащ КъБР-м пIалъэкIэ и дзэ комиссар Будаков Антонрэ (сурэтым) зэухылIэныгъэ (контракт) щIыкIэм тету дзэм дашхэм я дэфтэрхэм щыхэплъэ IуэхущIапIэм и унафэщI Дмитриев Виталийрэ.

КЪЫТIУЩIАХЭР япэщIыкIэ тепсэлъыхьащ 2025 гъэм и гъатхэ - гъэмахуэ пIалъэм кърихубыдэу зи армэ дэкIыгъуэхэр, мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ, дзэ къулыкъум зэрыпэрагъэувэ щIыкIэм.

Къэпсэлъахэм къызэрыхагъэщамкIэ, Iуэхур тращIыхьащ УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэм. Лэжьыгъэр щызэкIэлъагъэкIуэну Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щолажьэ дзэм дэзыш комиссэу 14: зыр - республикэм и къалащхьэм, пщыкIущыр - районхэм.

Япэрейхэми хуэдэу, иджырей дэшыгъуэм хэхуэхэр ягъакIуэ ди къэралым и щIыналъэхэу къуэкIыпIэмкIэ нэхъ тпэжыжьэхэм ящыщ Камчаткэм къыщыщIэдзауэ УФ-м къухьэпIэмкIэ нэхъ пыIудзауэ щыдиIэ Калининград областым нэсыху я зэхуаку дэт дэтхэнэми.

2024 гъэм и щIышылэм къыщегъэжьауэ дзэм дашыну къатохуэ зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуахэми 30-м нэсахэми, я зэхуаку дэтхэми. Япэхэми хуэдэу, пIалъэкIэ ямыгъэпIейтеину хуитыныгъэ яIэщ IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ университет-институтхэм щIэсхэмрэ.

Лъэсыдзэм нэмыщI, щIалэхэм къахокI хыдзэм хагъэхьэхэри. Иужьрейхэм къулыкъу щрахьэкI хы Хуэмым, Балтикэ тенджызым, хы ФIыцIэм. ЩыIэщ хьэуа-десант, хьэршыдзэм, лъэпкъ гвардием, гъущI гъуэгум епхам ираджэхэри. Армэр хуейщ Урысейм и ДОСААФ-ми нэгъуэщI абы хуэдэ еджапIэхэми ягъэхьэзыра, С категорие зиIэ машинэзехуэхэми.

- Гъатхэ - гъэмахуэ дэшыгъуэм хедгъэубыдэн хуейуэ республикэм къытхуагъэувар цIыху миным щIегъу. Ахэр, гуп-гупурэ, зым иужь адрейр иту, автобускIи, гъущI гъуэгукIи, уеблэмэ кхъухьлъатэхэмкIи (нэхъ жыжьэ кIуэнухэр) доутIыпщ, - къыпещэ и псалъэм Будаков Антон.

Дэтхэнэри, емыжьэ щIыкIэ, дзэм зэрыхэтыну щыгъынхэмкIэ яхуапэ, гъуэгу гъуэмылэхэмкIэ къызэрагъэпэщ. ЩIалэхэр щызэхуашэс щIыпIэхэм зэрыIуашыр гуфIэгъуэ щыкIэм тетущ.

Будаков Антон зэрыжиIэмкIэ, зи дэкIыгъуэу армэм ираджэхэр дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыпIэхэм ягъакIуэркъым, къэралым къыхагъэхьэжа щIыналъэхэми ирагъэхьэркъым.

КъытIущIахэм етIуанэ Iуэхугъуэу зи гугъу ящIар Ипщэ Дзэ округым и комиссариатхэм мы зэманым нэгъуэщI лэжьыгъи зэрырагъэкIуэкIырщ. Ар хуэгъэзащ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм егъэщIылIа, дзэ Iуэхум щыхуагъэхьэзыр-щыхуагъасэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курытхэмрэ щIэтIысхьэну хуейхэм я тхылъымпIэ-дэфтэрхэм абы папщIэ къызэрагъэпэща комиссэхэр зэрыхэплъэжым.

2025 гъэм тетщIыхьмэ, дзэ Iуэхум пыщIа, IэщIагъэ 276-м щыхуагъэхьэзыр-щыхуагъасэ еджапIэу Урысей Федерацэм 35-рэ итщи, абыхэм ящыщу 28-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр зэрырагъэблагъэ дэфтэрхэр къыIэрагъэхьащ.

Мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м щыщIэдзауэ ди республикэм щолажьэ зи гугъу тщIы еджапIэхэм я лIыкIуэхэр илъэс еханэ хъуауэ зыхэт, захуэзыгъазэхэм я дэфтэрхэр щызэрагъэзахуэ-щыхэплъэж комиссэхэр. Ахэр кIуахэм къопсалъэ, я узыншагъэр зыхуэдэр зэхагъэкI, я щIэныгъэкъэухьхэм теухуа къэпщытэныгъэхэр драгъэкIуэкI, а псоми пхыкIахэм экзамен ирагъэт.

А щIыкIэм тету зи гугъу тщIы еджапIэхэм щIэтIысхьэну хуитыныгъэ яIэщ ди республикэм ис щIалэрэ пщащэу цIыху 350-м нэблагъэм, илъэс 17-м къыщыщIэдзауэ 23 ныбжьым хиубыдэхэм. Дзэ комиссарым и къулыкъур пIалъэкIэ зыгъэзащIэм зэрыжиIауи, зи гугъу тщIы комиссэхэм мы зэманым ирихьэлIэу захуэзыгъэзахэм я бжыгъэр 160-м щхьэдэхащ. Къызэрыщыхэдгъэщащи, абыхэм пщащэхэри яхэтщ.

Ипщэ Дзэ округым и комиссариатхэм унафэ хуащIащ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм егъэщIылIа, дзэ Iуэхум щыхуагъэхьэзыр-щыхуагъасэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курытхэмрэ щIэтIысхьэну гупыж зыщIхэм я тхылъымпIэ-дэфтэрхэр бадзэуэгъуэм и 20 пщIондэ къыIахын зэрыхуейм ехьэлIауэ. А унафэр хуэгъэзащ ныбжьыщIэхэм ящыщу Зыуэ щыт къэрал экзаменыр мы гъэм зытхэр дзэ Iуэхум пыщIа и дэтхэнэ IэщIагъэри къызэрыхахыфынум.

Дзэм пыщIа еджапIэхэм щIэтIысхьэхэм мазэ къэс стипендиешхуэ кърагынущ, пщIэншэу яхуэпэнущ, я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъынущ, здэкIуар къауха иужькIэ, офицер къулыкъум зэрыпэрагъэувэ «лейтенант» е «прапорщик» званиехэр къыхуагъэфэщэнущ...

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● УФСБ-м къет

Дэфтэр нэпцIхэмкIэ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ Шэрэдж районым и Жэмтхьэлэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и секретарь-Iуэхузехьэу щытам зэрихьа хабзэншагъэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, Дыгуэрлы М. Л. дэфтэр нэпцIхэр къигъэсэбэпри и цIыхугъэм и цIэкIэ иригъэтхащ Шэрэдж районым хиубыдэ щIы Iыхьэ. А хабзэншагъэм кърикIуащ сом мелуани 3-м щIигъу хэщIыныгъэ.

КъБР-м и Шэрэдж район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Дыгуэрлы М. Л. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 292-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэмкIэ икIи ямыгъэтIысу илъэси 2-рэ мази 6-рэ тралъхьащ, зыщIэгупсысыжынуи зы илъэс хуагъэуващ.

Жыгхэр ираупщIыкI

ЩIыуэпс лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр зэхэдыгъуэным пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ Шэрэдж районым щыпсэухэу Маммеев И. Х., Гызыев С. Б. сымэ ялэжь щIэпхъаджагъэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, къэдгъэлъэгъуахэм хуит зыщI тхылъхэр ямыIэу, «Лэскэн мэзылъэ» къэрал IуэхущIапIэм жыгхэр щраупщIыкIащ. А хабзэншагъэм кърикIуащ сом мелуани 2,7-м щIигъу хэщIыныгъэ.

Аруан район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ ахэр къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 260-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр ялэжьауэ. Маммеевымрэ Гызыевымрэ илъэси 3 ямыгъэтIысу тралъхьащ.

● Мэкъумэш

Студентхэр ядоIэпыкъу

Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ къэралым и щIыналъэхэмрэ къызэрапщытамкIэ, пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ я къехьэлIэжыгъуэ лъэхъэнэм цIыху мин 50-м нэблагъэ, хадэхэкIхэр щыIуахыжкIэ цIыху мин 60-м мэкъумэш IуэхущIапIэхэр хуэныкъуэнущ.

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым агрономиемкIэ и факультетым и студентхэр республикэм и мэкъумэшыщIэхэм илъэс зыбжанэ хъуауэ ядоIэпыкъу. Нэхъыбэу ахэр езыгъэблагъэр икIи зыдэлажьэр «Бахъсэн жыг хадэхэр» IуэхущIапIэм хыхьэ «Центр Питомник» агрофирмэрщ. Апхуэдэ зэныбжьэгъугъэмрэ зэпыщIэныгъэмрэ къарикIуэу, университетыр къэзыуха IэщIагъэлIхэм ящыщ куэд иужькIэ я деж щагъэлэжьэну къащтэ.

КъБКъМУ-м агрономиемкIэ и факультетым и декан Беслъэней Беслъэн зэрыжиIэмкIэ, мэкъумэш IэщIагъэр къыхэзыха студентхэм я дежкIэ мыпхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр IэмалыфIщ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэ зэтеублэкIэм, къапэщылъ къалэнхэм зыщагъэгъуэзэнымкIэ, пхъэщхьэмыщхьэхэр къехьэлIэжынымрэ ахэр хъумэнымрэ я щэхухэр зрагъэщIэнымкIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэпыщIэныгъэхэм зрагъэужь

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ Мали Республикэм и унафэщI Гоитэ Ассимирэ мы махуэхэм Кремлым щызэIущIащ. Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм тепсэлъыхьа нэужь, лъэныкъуитIыр адэкIэ зэрызэдэлэжьэнумкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ. Ар теухуауэ щытащ правительствэхэм сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ я комиссэ къызэрызэрагъэпэщынум, мамырыгъэ Iуэхухэм атом энергиер къыхуагъэсэбэпу зэрызэдэлэжьэнум.

«ДИ къэралхэм дзыхь яку дэлъу, зэхущытыкIэфIхэр зэхуаIэу къогъуэгурыкIуэ. Илъэс 65-рэ ипэкIэ дипломат зэгурыIуэныгъэхэр зэтщIылIауэ щытащ икIи абы лъандэрэ зэпыщIэныгъэфIхэр зэхудиIэщ, - жиIащ Путин Владимир. - Сату Iуэхухэм мызыгъуэгукIэ фейдэшхуэ къамытми, хуэмурэ зыужьыныгъэм дызэрыхуэкIуэр нэрылъагъуущ. КъэралитIым я зэпыщIэныгъэхэр ефIэкIуэнымкIэ ди зэпсэлъэныгъэхэр щхьэпэ хъунущ».

Мали Республикэм и унафэщIым жиIащ къэралхэр унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, псалъэм папщIэ, транспортымкIэ, шынагъуэншагъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, энергетикэмкIэ зэрызэдэлажьэр, адэкIэ абыхэми зрагъэужьыну, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри зэдаублэну зэрамурадыр. «Урысей Федерацэмрэ ди къэралымрэ зэпыщIэныгъэфIхэр яIэщ, абы и фIыгъэкIэ ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зыIэрыдогъэхьэф», - жиIащ абы.

Пенсэр зэлъытар

УФ-м и Социальнэ фондым къызэригъэлъагъуэмкIэ, 2025 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м Урысейм ику иту къыщахь пенсэр сом мин 23,5-м нагъэсащ. Илъэсым и пэщIэдзэм яту щыта пенсэр сом 300-м нэблагъэкIэ нэхъыбэ хъуащ.

IЭНАТIЭМ къызэритымкIэ, Урысейм и пенсионерхэр мелуан 40,96-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу мелуан 33-р лажьэркъым, мелуани 8-м нэблагъэр IэнатIэ пэрытщ.

Илъэсым и пэщIэдзэм страховой пенсэхэм проценти 9,5-кIэ, мэлыжьыхь мазэм социальнэ пенсэхэм процент 14,75-кIэ хэхъуащ. Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил зэрыжиIамкIэ, дяпэкIэ пенсэхэм хэгъэхъуэн Iуэхум тIэу хэплъэжынущ, абы къыхалъытэнущ инфляцэмрэ Социальнэ фондым и хэхъуэмрэ.

НОБЭ

♦**ХыдзэлIым и дунейпсо махуэщ**

♦**Славянхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэщ**

♦**1939 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Тимирязевым и цIэр зезыхьэ академием и профессор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Агъырбэ Юрэ**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, журналист **Нэхей Руслан**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ журналист, политикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, «Волгоград-ТРВ» ГТРК-м и унафэщI, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэрашэ Аслъэнбэч**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5 - 6-кIэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къэмыфэфым пшынауэм трелъхьэ.

Гъатхасэр зэфIэкIащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, гъатхасэ лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэсащ.

«МЭКЪУМЭШ къэкIыгъэхэр, псом хуэмыдэу хьэцэпэцэмрэ джэш хъуреймрэ, зыхащIэ щIыр процентi 2-кIэ нэхъыбэ ящIащ, жыпIэнурамэ, хьэм папщIэ. Апхуэдэуи губгъуэм къыщагъэкI хадэхэкIым хухаха щIым гектар 200 дыщIагъужащ. КIэртIофыр, нэгъабэ зэрыщытам хуэдэу, гектар мини 7-м къытенэжащ», - щыжаIащ министерствэм.

Апхуэдэуи абы къыщыхагъэщащ гъатхасэм хухаха гектар мин 216,1-м жылэхэр къанэ щымыIэу зэрыхагъэзэгъар. Мыдрейуэ, бжьыхьэсэмрэ гъатхасэмрэ зэхэту гектар мин 281-рэ хухахащ икIи ар нэгъабэ щыIам хуэдизщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

● Япэ итахэр

ЦIыхубэм я фIыщIэ къэзылэжьыфа

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ищхъэрэ къуажэм цIыху хьэлэмэтхэр мымащIэу къыдэкIащ. Абыхэм ящыщщ жылэм, районым я IэнатIэ зэхуэмыдэхэм я пашэу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ ахъырзэману, парт лэжьакIуэу, цIыхугъэ лъагэрэ зэхэщIыкI куурэ зыбгъэдэлъа адыгэлI нэс Хъалил Хьэмыщэ Джэбрэил и къуэр (1938 - 2010). Хэку зауэшхуэмрэ абы къыкIэлъыкIуа илъэс хьэлъэхэмрэ зи сабиигъуэр хиубыда Хьэмыщэ къэхъуащ гугъуехьхэм япсыхьарэ гуащIэдэкI лэжьыгъэм щымышынэу.

КЪУАЖЭМ пщIэ зыхуащIу дэса унагъуэщ Хъалил Хьэмыщэ къыщалъхуар. Абы и адэ-анэ ДжэбрэIилрэ Къэралхъанрэ (ар Темрокъуэхэ япхъут) зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, пщIэрэ нэмысрэ я зэхуаку дэлъу унагъуэ узыншэу хьэблэм дэст. Зэщхьэгъусэхэм щIалитI къащIэхъуати, колхозу зэгухьагъащIэ жылэм жэщмахуэ ямыIэу щылажьэрт, унагъуэ Iуэхури адрейхэм къакIэрымыхуу зэпэщу абы дахьу. Зэманыр хьэлъэми, зи дуней тетыгъуэ зэщхьэгъусэхэм лъэхъэнэ гугъум епха гупсысэ мыщхьэпэхэм зрагъэубыдыртэкъым - абыхэм я гуращэр хуэгъэпсат къащIэувэ щIалитIыр лъэпкъ хабзэм тету, адыгэлI нэсу ягъэсэным, щIэныгъэ ирагъэгъуэту гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэувэным. АтIэми, гъащIэм и хабзэр араши, ди хъуэпсапIэхэмрэ мурадхэмрэ ящыщу къыдэхъулIэнухэмрэ нахуапIэ хъунухэмрэ ДыкъэзыгъэщIам иубзыхуакIэу, щхьэж и натIэм кърит-хакIэу дунейм дыкъытехьэу жаIэ. Тхьэшхуэм иухатэкъым ДжэбрэIилрэ Къэралхъанрэ зэгъусэу быным якIэлъыплъыну, абыхэм хуаIэ хъуэпсапIэхэр нахуапIэ зэрыхъуам зэщIыгъуу щыгуфIыкIыну.

Хэку зауэшхуэр къэхъеиным илъэситI иIэу бынунэм я адэ ДжэбрэIил дунейм ехыжащ. Сымаджэу здыхэлъым абы и щхьэгъусэм къыхуищIыжауэ щыта уэсятхэм я нэхъапэт я щIалитIым ехьэлIар: Гришэрэ Хьэмыщэрэ ихъумэну, щIэныгъэрэ зэрыпсэун IэщIагъэрэ яригъэгъуэтыну зэрылъэIуар. Абы иужькIэ куэд ихьыжакъым ДжэбрэIил. Дунейм щехыжам щыгъуэ абы и ныбжьыр илъэс тIощIрэ ирэ хъуа къудейт. «Фызабэ» псалъэ хьэлъэр зи цIэм пыува Къэралхъани и закъуэ къыхуэнащ щIалитIыр гъэсэныр, егъэджэныр, унагъуэр зехьэныр, губгъуэ лэжьыгъэри абы щIыгъужу.

Гугъу ехьами, и щхьэгъусэм къыхуищIа уэсятыр игъэзэщIэфащ Къэралхъан. Анэ гуащIафIэм хулъэкIащ зи ныбжьыр зыр илъэситIрэ адрейр илъэс иримыкъуауэ къыхуэна щIалитIыр цIыху нэсу игъэсэн, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ яригъэгъуэтын, унагъуэу игъэтIысыжын. ЩIалэхэм я нэхъыжьым инженер IэщIагъэр зригъэгъуэтри, хозяйствэм и мастерскойм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щылэжьащ, абырэ и щхьэгъусэ Зинэрэ бын дахэ, гъэса къащIэуващ.

Зэшхэм я нэхъыщIэ Хьэмыщэ къуажэм дэт илъэсибл еджапIэр, иужькIэ гъунэгъу Курп Ипщэм щыIэ курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. АкъылыфIэу, зэхэщIыкI куу бгъэдэлъу гу зылъата ныбжьыщIэр я жылэм щызэхэта «Гъубжэрэ уадэрэ» колхозым учётчикыу къащтащ. БалигъыпIэ иува щIалэщIэр 1957 гъэм советыдзэм ираджащ, Хэкум къулыкъу хуищIэну. А къалэныр фIыщIэрэ щытхъурэ пылъу игъэзэщIащ Хьэмыщэ икIи щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжащ. Зи гупсысэхэр зэтеува, акъылыр тIыса щIалэм мурад ищIат бгъэдэлъ щIэныгъэм хигъэхъуэнуи, пIалъэ къыхимыгъэкIыу щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым. Абы хуабжьу щыгуфIыкIауэ щытащ щхьэгъусэм и уэсятыр гъэзэщIэныр псом япэ игъэщыпхъэ Iуэхугъуэу къэзылъытэ Къэралхъани быным я нэхъыжь Гриши.

Студент гъащIэри купщIафIэу ирихьэкIащ Хьэмыщэ. Ар жыджэру хэтащ университетым щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм, зыхэс гупым фIыкIэ къахэщу еджащ. Зэреджэм къыдэкIуэу, щIалэр пщыхьэщхьэкIэрэ (жэщри къыщыдэкIуэ щыIэу) лажьэрт, апхуэдизу къелIалIэ анэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми зыщIигъэкъуэн папщIэ.

Зоотехник IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтри, университетыр ехъулIэныгъэкIэ 1965 гъэм къиухауэ щытащ Хъалилым.

ЩIалэм зоотехник нэхъыщхьэу лэжьэн щыщIидзащ «Курп» совхозым. ЗэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъу, лэжьыгъэм и къэзэгъэпэщакIуэ хьэлэмэту зыкъэзыгъэлъэгъуа Хъалил Хьэмыщэ илъэс 15-кIэ а IэнатIэм пэрытащ, и пщэрылъ къалэнхэр нэсу игъэзащIэу. Ар 1980 гъэм ягъэувауэ щытащ хозяйствэм и парт зэгухьэныгъэм и секретару. Дауи, а лэжьыгъэр и купщIэкIи, зэхэлъыкIэкIи, къалэнхэмкIи куэдкIэ къыщхьэщыкIырт ар нэхъапэм зыпэрытам. Партым и унафэр къеплъэкI ямыIэу щагъэзащIэ лъэхъэнэти, абы хэтхэм къыхуагъэув къалэнхэр и чэзум икIи фIагъ лъагэ иIэу зэфIэхын хуейт. Iуэхур апхуэдэу гъэзэщIа хъун папщIэ, цIыхубэм я пашэу щытын хуейр жылэм пщIэрэ щIыхьрэ щызиIэ, нэмыс зыхуащI IэщIагъэлIт. Апхуэдэт Хъалил Хьэмыщэ. Абы совхозым и лэжьакIуэхэр я пщэ къыдалъхьа къалэнхэр тэрэзу гъэзэщIэным къыхузэщIигъэуIуэфырт, и псалъэр пхыкIыу, пщIэ иIэу. Гу къабзэ-псэ къабзэ зиIэ адыгэлI нэсым и макъ щыдришей е губжьыр къыщытекIуэ къэхъуртэкъым.

- Хьэмыщэ илъэс тIощIым щIигъукIэ си ныбжьэгъуу щытащ. Ар къыщысцIыхуа зэманым щIалэр Къаншыуей къуажэм щызэхэт «Курп» совхозым и зоотехник нэхъыжьт, - и гукъэкIыжхэмкIэ къыддогуашэ Хьэрылъху Ахьмэд. - ЛIы губзыгъэу, и гур и къалэным етауэ бгъэдэтащ ар, цIыху хэтыкIэ ищIэу, и нэIэм щIэту игъэлажьэхэм ящыщ дэтхэнэ зыми епсэлъэкIэ къыхуигъуэтыфу, ахэр тегушхуауэ зэрылэжьэным хуигъасэу щытащ, куэдми сэбэп яхуэхъуащ. Апхуэдэ пашэ уиIэныр сыт хуэдэ зэманми уасэ зимыIэ хъугъуэфIыгъуэщ. КъызэрыслъытэмкIэ, ди насып къикIащ Хъалил Хьэмыщэ хуэдэ цIыху щыпкъэ лэжьэгъуу, ныбжьэгъуфIу зэрыдиIамкIэ. Тхьэр куэдым яхуэупсэркъым апхуэдэ фIыгъуэкIэ.

Зи пашэ совхозым и Iуэхухэр щызэтеувэжа нэужь, партым и унафэкIэ Хьэмыщэ и къулыкъур ихъуэжащ. Ар ягъэуващ Тэрч щIыналъэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и управленэм и зоотехник нэхъыщхьэу. Хэлъ хэлъэтымрэ жыджэрагъымрэ, лэжьыгъэм хуиIэ гудзакъэмрэ зыхищIэ жэуаплыныгъэ лъагэмрэ мыбдежми къыщигъэлъэгъуащ Хъалилым. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм Хъалилыр пэрытащ IэнатIэ зыбжанэм. Апхуэдэхэщ, къэбгъэлъагъуэмэ, 1985 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс зыбжанэкIэ зи унафэщIу лэжьа «Тэрч» джэд фермэр, зоотехник нэхъыжьу здагъэкIуа «Тэрч» Iэщ совхозыр, нэгъуэщIхэри.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм, къэралым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щыщекIуэкIа зэманым, щалъхуа жылэм щыпсэухэм я лъэIукIэ Хъалил Хьэмыщэ ягъэувауэ щытащ «Курп» совхозым и унафэщIу. Совет лъэхъэнэм щыIа Iуэху зехьэкIэм тету, коммунист пашэм и зэфIэкI куэд ирихьэлIащ Iэщышхуэ щагъашхэ а хозяйствэ цIэрыIуэм и лэжьакIуэхэр къэралым къахуигъэува планым пэлъэщыным. Партым пщэрылъ къыщищIа дэтхэнэ къалэнри гъэзэщIэныр Хьэмыщэ къилъытэрт и гъащIэм и мардэ нэхъыщхьэу, псэуныгъэм и купщIэу. Хъалилым зэман кIыхькIэ дэлэжьауэ щыта Багъэтыр Марие игу къызэригъэкIыжымкIэ, цIыхугъэ лъагэрэ гуапагъэ гъунапкъэншэрэ зыхэлъ унафэщIт Хьэмыщэ. Абы къыхэкIыу жылагъуэми, зыпэрыт IэнатIэми, и нэIэм щIэту игъэлажьэхэм я пащхьэми пщIэшхуэ щиIэт. Нэмыс хэлърэ зэхэщIыкI куу иIэу къэтэджат, адыгэ хабзэ дахэр и лъым хэпщати, езы Хъалилым жиIар тIу ямыщIу зэрагъэзэщIэным хущIэкъуурт совхозым и лэжьакIуэхэри.

Хьэмыщэ хэлъа цIыхугъэ лъагэм щыхьэт тохъуэ а лъэхъэнэм абы къыдэлэжьа Жылэхьэж Айвар и псалъэхэри. Абы зэрыжиIэжымкIэ, былымыр гъэмахуэ хъупIэ жыжьэхэм щахукIэ, куэдрэ къэхъурт совхозым и пашэ Хъалилыр Iэщыхъуэхэм хуэдэу шым шэсу, абыхэм ядэIэпыкъуурэ гъуэгуанэ гугъур я гъусэу щызэпич. Машинэ псынщIэм хуиту имысу апхуэдэу лэжьакIуэбэм яхэтт а унафэщI щыпкъэр.

ЗэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэ гугъуми пщIэрэ щIыхьрэ иIэу пхыкIыфащ унафэщI щыпкъэри ар зи пашэ хозяйствэри. Лъэпощхьэпо зэхуэмыдэхэм зэрыкъэралу щыхэта а лъэхъэнэ ткIийми Хьэмыщэ хузэфIэкIащ унафэ тэмэм зыщI пашэу щытыну, къызэгъэпэщакIуэу, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, цIыху нэсу къэнэжыну. Гугъуехьхэм къапимыкIуэту еса лэжьакIуэшхуэм лъэкI псомкIи защIигъэкъуащ къуажэдэсхэм, я гур мыкIуэду, я нэмыс яIыгъыжу, цIыхугъэмрэ пэжагъымрэ ягъэнэхъапэу къызэрымыкIуэ зэманыр къызэранэкIыфынымкIэ.

- А зэманым сэ жылэм щызэхэт хозяйствэм и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару, спортымкIэ инструктору сылажьэрт. ИужькIэ «Курп» совхозым и профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэуи сыщытащ. Осетие Ищхъэрэм IэнатIэ хъарзынэ сIыгъыу сыщыIэти, Хьэмыщэ и чэнджэщкIэ ди жылэм сыкъашэжри, а къулыкъухэм сыпэрагъэуват, - жеIэ Налшык дэт спорт школ №1-м и унафэщIым и къуэдзэ Багъэтыр Тимур. - ЖыпIэнурамэ, Хъалилым лэжьыгъэшхуэ щызэфIихащ ди жылэм, щIыпIэм. Ар зи унафэщI хозяйствэм къэралым къыхуигъэува къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ пашэныгъэр мызэ-мытIэу щиубыдащ районым. Абы къыпэкIуэу совхозым куэдрэ къыхуагъэфэщащ ГуащIэдэкI лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь зэIэпахыр. Езы Хьэмыщэ и сурэтри илът Тэрч щIыналъэм и ЩIыхь пхъэбгъум, пщIэ хуащIэу. А илъэсхэм абы къратауэ щытащ СССР-м Ерыскъыпхъэ промышленностымкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм я профсоюз зэгухьэныгъэм и Комитет нэхъыщхьэм къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр. Сэ хуабжьу срогушхуэ Хъалил Хьэмыщэ хуэдэ цIыху нэсым сыдэлэжьэну си насып къызэрикIам папщIэ.

Хъалил Хьэмыщэ сыт щыгъуи хуэпэжащ и псалъэмрэ дзыхь къыхуащIа IэнатIэмрэ. Пенсэ щыкIуами абы жылагъуэм пщIэ хэха щиIащ, нэхъыжьхэм я чэнджэщэгъуу, щIэблэм я ущиякIуэу дапщэщи щытащ.

- Хъалил Хьэмыщэ щысцIыхуам щыгъуэ сэ сышколакIуэт. Апхуэдэу щытми, «корреспондент ныбжьыщIэ» цIэр сиIэу къуажэм къыщекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуми щыгъуазэ зысщIыну иужь ситт - арат мэкъумэшым елэжьхэм я ехъулIэныгъэхэр зыхуэдэр щIэсщIэри. Хьэмыщэ кIэлъыплъырт сэ газетхэм къытрезгъадзэ тIэкIухэм икIи сытригъэгушхуэну къысщытхъурт, - Хъалилыр зэрицIыхуауэ щытар игу къегъэкIыж КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Къудей Владимир. - Езыр мэкъумэш IэщIагъэлIми, Хьэмыщэ зэхэмыхьэу щIэныгъэшхуэ бгъэдэлът. Псалъэм папщIэ, абы фIыуэ хищIыкIыу щытащ адыгэбзэм, тхыдэм. А темэхэм теухуа къэхутэныгъэхэр абырэ и къуэш Гришэрэ щIэх-щIэхыурэ къытрырагъадзэрт «Адыгэ псалъэ», «Терек» газетхэм. Сэ абыхэм ятхахэм сфIэфIу седжэу щытащ. Си закъуэтэкъым еджэр - ди къуажэгъуххэр дызэхуэсамэ, а тхыгъэхэм тфIэфIу дытепсэлъыхьырт, ахэр къызэрагъуэтыфар дгъэщIагъуэу. ЖыпIэнурамэ, лъэныкъуэ куэдкIэ зэчий зыбгъэдэлъ цIыхуу щытащ Хъалил Хьэмыщэ. ЦIыху дахэт, нэгъэсауэ угъурлыт.

АдыгэлI щыпкъэу дунейм тета Хьэмыщэ теухуа псалъэ дахэ къыджаIащ ар зыцIыхуу щыта куэдым. Абыхэм ящыщщ Жылэхьэж Таймуразi.

- ЩыIэщ цIыху, ябгъэдэлъ гуапагъэмрэ нэхугъэмкIэ гъащIэм щызрихьэлIэ дэтхэнэми и гур игъэхуабэрэ и псэр игъэнэхуу. Апхуэдэу дунейм тетащ си адэм и ныбжьэгъу пэжу щыта Хъалил Хьэмыщэ, - жеIэ Таймураз. - Зигури зи псэри цIыхухэм, лэжьыгъэм яхуэзэIуха лэжьакIуэшхуэт ар. Дапщэщи ди адэм щапхъэу къытхуигъэлъагъуэрт. Хуэфащэ дыдэу Хьэмыщэ къыхуагъэфэщауэ щытащ «Лэжьыгъэм къызэрыхэжанык Iам папщIэ» къэрал дамыгъэ лъапIэр. Ар Хъалилым къилэжьат дзыхь къыхуащI дэтхэнэ IэнатIэми и щIэныгъэрэ зэфIэкIрэ, къарурэ зэманрэ емыблэжу зэрыпэрытамкIэ. Нэхъыщхьэращи, абы гурэ псэкIэ къыхуэарэзыуэ щытащ игъэлэжьа дэтхэнэ гупри, псом хуэмыдэу къуажэдэсхэр. ЦIыхухэм я пщIэ, лъагъуныгъэ, фIыщIэ уиIэмэ, гъащIэр купщIафIэу епхьэкIауэ аращ. Апхуэдэущ дунейм зэрытетар Хъалил Хьэмыщэ.

И лэжьыгъэфIым хуэфащэ унагъуэ дахэ дапщэщи и щIыбагъ къыдэтащ Хъалилым. Абырэ и щхьэгъусэ Зилэрэ (ар Сындыкухэ япхъущ) зэдагъуэтащ, зэдапIащ, гъащIэм гъуэгу пэжым щытрагъэуващ я бынхэу Батырбэч, Iэминат, Iэсият, Алимбэч сымэ. ЩIэныгъэфIрэ IэщIагъэ дахэрэ зэзыгъэгъуэта быныр мэпсэу, я адэ щыпкъэм и гъащIэр я гъуазэу, къащIэхъуэ щIэблэм ар щапхъэу хуагъэлъагъуэу. Щхьэгъусэмрэ бынымрэ зэрыжаIэмкIэ, ар псэуащ унагъуэм хабзэ, нэмыс илъыным хущIэкъуу, а лъэпкъ фIыгъуэхэр псоми япэ игъэщыпхъэу къилъытэу. Яхуэгумащiэт Хьэмыщэ и Iыхьлыхэми благъэхэми. Дэтхэнэми и Iуэху дигъэпсынщIэну, хулъэкIымкIэ сэбэп хуэхъуну хьэзырт.

Хъалил Хьэмыщэ дунейм зэрехыжрэ илъэс 15 ирикъуащ иджыблагъэ. Ар яхэмытыжми, и лъэужьыр хэгъуэщакъым. ЛэжьакIуэ пашэу, унафэщI IэкIуэлъакIуэу, цIыху щыпкъэу щыта Хьэмыщэ Iуэху зехьэкIэрэ гупсысэу иIахэр иджыри куэдым я гъуэгугъэлъагъуэщ. ГъащIэ гъуазэ яхуэхъуу, адэм, адэшхуэм и фэеплъыр сакъыу яхъумэ абы къыщIэна унагъуэм исхэм, абыхэм къащIэувэ щIэблэхэм. УщымыIэжми, уащымыгъупщэрэ уи цIэр фIыкIэ къраIуэмэ, абы нэхъ лъапIэ щыIэкъым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Ди псэлъэгъухэр

Пкъыри, псэри, Хэкури, бзэри

Сыт адыгэбзэ зымыщIэм фIэкIуэдыр? «Адыгэу къэнэжын» псалъэхэр бгъэпэжыну тынш? Хэкум пэIэщIэу псэуным тегушхуахэм дадэплъеин хуей? Улахуэр зэрымащIэм укъыщалъхуа щIыпIэм и уасэм куэд кIэригъэхурэ? Уэ зумыпэс бзэр уи сабийхэм къыпхуегъэщтэну? Гуанэ Аидэрэ Емкъуж Элинэрэ дадэуэршэрыху, мы упщIэхэм я жэуапхэр дигу загъэу къытхуэгъуэтакъым. Ауэ ди уэршэрыр дызэса жыпхъэм зэримызэгъам гу лъывэдгъэтэнут. «Адыгэ псалъэм» практикэ къагъэкIуа хъыджэбзхэр, пIалъэ кIэщIкIэ хьэщIэ икIи лэжьэгъу зэрытхуэхъуам къыхэкIыу, упщIэхэмрэ жэуапхэмрэ нэхъ хуиту зедгъэубгъуащ.

Гуанэ (Махъсидэ) Аидэ Тэрч районым хыхьэ Хьэмидей (ХьэпцIей) къуажэм къыщалъхуащ, курыт еджапIэ нэужьым КъБКъУ-м экономикэмкIэ и факультетыр къиухащ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щIэныгъэ архивым и лэжьакIуэщ. Дызэрыт зэманым КъБКъУ-м адыгэбзэмкIэ и къудамэм и магистратурэм щоджэ.

Емкъуж Элинэ Тэрч районым хыхьэ Тамбовкэ къуажэм щыщщ, Калининград дэт Балтийскэ къэрал университетым хьэщIэщ Iуэхум щыхуеджащ. Республикэм къэкIуэжа нэужь, Налшык дэт «СредаБук» тыкуэным тхылъхэмкIэ чэнджэщэгъуу щылэжьащ. ***(Еплъ «Тэрч щыщ тхылъ гуащэ», «Адыгэ псалъэ», №123, 14.10.23).*** **Дызэрыт зэманым КъБКъУ-м адыгэбзэмкIэ и къудамэм и магистратурэм щIэсщ.**

- «Адыгэбзэ умыщIэу щIэмыхъунур сыт?» упщIэм сыт хуэдэ жэуап ефтынт?

Емкъуж Элинэ: - Си ныбжьэгъухэм яз зымахуэ къызэхъурджэуащ: «Бзэр мэкIуэд жывоIэ, ауэ щыхъукIэ, кIуэдыр бзэракъым, цIыхугъэращ», - жиIэри. Зытегузэвыхьын хуейр бзэракъым, цIыхур цIыхуу зэрыщымытыжырщ, жыхуиIэу. Абы сыт хуэдэ жэуап пхуетынур?

- КъоупщIар езыр хэт хъуну и гъэсэныгъэкIэ, и щIэныгъэкIэ?

Емкъуж Элинэ: - ЦIыху гъэсащ икIи гуапэщ, адыгэбзэкIэ къабзэу псалъэу, хабзэ-нэмысыр зищIысыр ищIэу.

Гуанэ Аидэ: - Си гугъэмкIэ, псори зэдэбгъэакIуэ хъунукъым, фIы зыри щыIэжкъым жыпIэу.

- Хъурей Феликс студентхэм ядригъэкIуэкI зэIущIэхэм я зым срихьэлIат зэгуэр. Iуэхур зыIутыр къыщызгуригъаIуэм, дыщIыхьэн ипэкIэ жиIауэ щытахэр щIэх-щIэхыу сигу къокIыж: «Псори фIы дыдэщ, сытри къыщыдохъулIэ мы ди зэхуэсхэм, ауэ дэ езым ди теплъэ, ди сурэт диIэжкъым». А «дэ езым ди сурэт» жыхуиIэм, ухуеймэ, «цIыхугъэ» е «адыгагъэ» фIэщ. Сытми, уэ пфIэлъапIэ псори зэрыпхъумэфыну Iэмалхэм язу щыткъэ бзэр?

Емкъуж Элинэ: - Апхуэдэу щIыжаIэр сабийхэм бзэ зэрамыщIэрауэ къысщохъу. Бзэ зэрамыщIэм нэмыщIыж, езыхэми хьэлыншэу защI, гъэсэныгъэ яхэлъкъым. ЦIыхум уащыхэткIэ, уолъагъу ар.

- Бзэм къару къезытыр абы и хъуреягъкIэ зекIуэ щэнхабзэрауэ къысщохъу. Псалъэм папщIэ, инджылызыбзэ тщIарэт щIыжытIэ щхьэусыгъуэхэм язщ Шекспир зэрыщыIэр. Урысыбзэ зэрытщIэм и фIыгъэкIэ Толстой, Достоевский сымэ ятхахэм дыкъоджэф. Бзэр зэрыпщIэм IэмалыфI гуэр къуиту щымытмэ, ар зэзгъэщIарэт щIыжыпIэн щхьэусыгъуи уиIэкъым. Адыгэбзэм лъэщ ущIэхъукIын папщIэ, абыкIэ фIэкIа пхуэмыгъэхъулIэ гуэр щыIэн хуейщ. Апхуэдэ лъагапIэм бзэр зэрынэсынур дауэ, езыр къыумыгъэсэбэпмэ, зыужьыпIэ иумытмэ?

Емкъуж Элинэ: - Нэхъыбэм инджылызыбзэ е урысыбзэ щIызрагъащIэр Шекспир е Толстой сымэ еджэн папщIэкъым, хамэ къэрал кIуэн щхьэкIэщ.

Гуанэ Аидэ: - Бзэ нэхъыбэ пщIэху, уи къэухьым зиужьыну арaщ, зыр адрейм зэран хуэхъуркъым. Тхылъ зэмыщхьитI зэтемыхуэу ущеджэ щыIэкъэ, зэман-зэманкIэрэ къапщтэу? А тхылъитIыр уи щхьэм щызэхэзэрыхьыркъым. Мы Iуэхур сэри сызыгъэпIейтейхэм ящыщщ. Си сабийхэр сызэрыхуейм хуэдэ дыдэу адыгэбзэкIэ зэрымыпсалъэр гукъеуэшхуэу сиIэщ. Уззрепсалъэ бзэмкIэ, ар урысыбзэ е адыгэбзэ ирехъу, къопсэлъэжынущ, ауэ купщIэ иIэу, куцI хэлъу, къуажэм щапIа сэ зэрысщIэм хуэдэу ящIэркъым. Мыдэ, хьэуам хэту къакIуэм ещхь хамэбзэр, езыр-езыру къапкърыхьэу. А гукъеуэ дыдэр балъкъэрхэми яIэщ. Шэшэнхэр тIэкIу нэхъыфIыIуэ хъунщ. Абыхэм я процент 95 - 98-м нэсыр анэдэлъхубзэм ирипсалъэу жаIэ.

- Ахэр къулыкъущIапIэхэми щопсалъэ анэдэлъхубзэкIэ, жылагъуэ зэIущIэхэр я бзэкIэ ирагъэкIуэкI.

Гуанэ Аидэ: - Абыи уигу иримыхьын гуэрхэр хэлъщ. Шэшэным укIуамэ, урысыбзэкIэ жэуап къозымытыф яхэтщ, ари щIагъуэкъым.

Емкъуж Элинэ: - Сыт хуэдэ щытыкIэра-тIэ нэхъыфIыр?

Гуанэ Аидэ: - «Ику ит дыщэр» дауэ къызэрыдгъуэтынур?

- «Сыадыгэщи, адыгэбзэр сщIэн хуейщ» жыхуиIэ гупсысэр теубыдапIэу пхурикъуркъым, сэ сызэреплъымкIэ.

Емкъуж Элинэ: - Сэ си еджэгъуэм щыгъуэ тегъэщIапIэ быдэу щытащ ар. Си щхьэкIи сызэрегупсысыр апхуэдэут. Школым (Тэрч дэт школ №2-р) адыгэбзэмкIэ диIа егъэджакIуэм къыджиIэ зэпытт: «Адыгэбзэ умыщIэу, сэ сыадыгэщ жыпIэну ухуиткъым». Ар ди щхьэм зыкIэ быдэу къинащи! Адыгэбзэ къудамэм сыщIэтIысхьэу седжэжынри къызыхэсхар арaщ, бзэр зэрысфIэкIуэдыр къызгурыIуэрти. Ауэ Налшык сыщыщеджам щыгъуэ, адыгэбзэкIэ упсэлъэну емыкIут, Джылахъстэнейм сызэрыщыщыр абы хэтыжу (мэдыхьэшх). «Уи «кI»-р уи гъусэу Тэрч гъэзэж», - жаIэурэ къыздэгушыIэхэрт. Налшык сабийхэр бзэм зэрыдимыхьэхыр ялъагъури, егъэджакIуэхэри елIэлIащэркъым.

Гуанэ Аидэ: - Си сабийхэр аргуэру щапхъэу къэсхьынщи, си нэхъыжьхэм адыгэбзэр «щакIуэбзэу» зэрахьэ зэрыхъунур хамэ щIыпIэм къащыгурыIуауэ къыщIэкIащ. Владикавказ, Псыхуабэ хуэдэ къалэхэм кIуэмэ, мыбдежым лъэбакъуитIкIэ зэрыIукIуэту, телефонкIэ зыкъыспащIэри, къажьэдэлъэлъу къызопсалъэ, къызжаIэр къэзыухъуреихьхэм къагурымыIуэн щхьэкIэ. Абы и фIыгъэкIэ, я псэлъэкIэри йофIакIуэ.

- «Сыадыгэщи, адыгэбзэ сымыщIэу хъунукъым», - гупсысэри дахэщ. Ауэ абы нэхърэ нэхъ сигу ирохь мыр: «Сыадыгэщи, къыздалъхуа фIы псоми нэхъ хуиту зыщаузэщIынур адыгэ дунейрщ, хэIэтыкIауэ жыпIэмэ, «лъэпкъым и куэщIырщ», ар бзэ е псэукIэ хабзэ ирехъу».

Гуанэ Аидэ: - Сыарэзыщ абыкIэ. Уи лъым хэту, генетикэкIэ къыпIэрыхьар къызэрыушыжри хэлъщ абы. Сепсалъэм-сепсалъэурэ, сабийхэм жысIэр зы илъэсым и кIуэцIкIэ къагурыIуэу хъужауэ щытащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым езыхэм псэлъэн щIадзащ. ЩыцIыкIуам, езыхэр иджыри щымыпсэлъэфым щыгъуэ яжесIэу щытахэр хуэмурэ къащIэжын щIадзащ. Ауэ къуажэм дэс сабийм хуэдэу итхьэщIыкIауэ, дауи, ящIэркъым бзэр.

- Иджыпсту щIалэгъуалэ фIы дыдэ къыдокIуэтей, уэ езым ууейм, ар бзэ, лъэпкъ, хабзэ ирехъу, уасэ хуэпщIыжын зэрыхуейр къагурыIуэу. Гъунэгъум къеIыпха тепщэчым махуэ къэс уишхыкIым ещхьу, хамэбзэм ухэпсэукI нэхърэ, насыпыфIэ узэрыхъун Iэмал уэ езым ууейуэ къущатакIэ, хьэхум щхьэ нэхъ уелIэлIэн хуей? Ар фIы дыдэу къагуроIуэ, ауэ апхуэдэ хэкупсэ гурыщIэхэм бзэм и Iуэхур щалъэщIэмыхьэ къохъу. ЯIэн зэрыхуейр къагуроIуэ, ауэ ирахьэлIапхъэ къарур къащемэщIэкIым деж, икIуэтыжын хьэзырщ.

Гуанэ Аидэ: - Къалэм адыгэбзэкIэ ущызэпсэлъэну емыкIу хъуакIэт сэ студент сыщыхъуам. Джылахъстэней хъыджэбз цIыкIухэр щхьэхуэ дыхъужа нэужь дызэпсалъэу арат, мыдрейхэм ягъэемыкIурт.

- Адэ-анэр бзэм зэрыхущытым хузохь а щытыкIэр. Нэхъыбэм жьэкIэ жаIэн хуейр жаIэ, ауэ «дыхуейкъым ди быным хамэбзэр нэгъэсауэ имыщIэу» пагъэувэж. Хамэбзэ дапщи зэгъащIэ, адыгэбзэри умыгъэчэм.

Гуанэ Аидэ: - Дэ ди Iуэхум залымыгъэ тIэкIу хэтащ, адыгэбзэ дыщеджэм щыгъуэ. Мис а залымыгъэ тIэкIур халъхьэжамэ, фIы дыдэ хъунут, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, етхуанэ классым щегъэжьауэ школыр къэдухыху, адыгэбзэмкIи, урысыбзэмкIи, есэпымкIи къэпщытэныгъэ дагъэту щытащ, зы классым дикIыу адрейм дыкIуэн папщIэ. Абы Iэмал имыIэу адыгэбзэ хэтащ. Щхьэ Iуахыжа? Сэ илъэс 45-рэ сохъу. Школым къыщыздеджахэм зы уэршэрыпIэ Интернетым щыдиIэщи, абы хамэбзэкIэ ущызэпсэлъэнуи ущытхэнуи къезэгъыркъым. Псори щыуагъэ къыхэмыхуэу адыгэбзэкIэ мэтхэф икIи щызопсалъэ. ДыщыцIыкIуми, зыгуэрым урыс псалъэ къыжьэдэхуамэ: «Сыт? Армэм ущыщыIам хамэ фIэкIа уимыгъусауэ ара? Урыс щIакхъуэ пшхауэ ара?» - жаIэрт. Абы щхьэкIэ зыри зэран къысхуэхъуакъым иджыпсту урысыбзэм срилэжьэнуи срипсэлъэнуи.

- «ЩIалэгъуалэр Хэкум йокI» жыхуаIэ Iуэхур узышхуэу диIэщ. Элинэ нэхъ игъэунэхуащ ар, хамэ къалэ щеджащ.

Емкъуж Элинэ: Ар зэрыщытри? НэгъуэщI щIыпIэ еджакIуэ е лэжьакIуэ укIуа нэужь, зэман докI, мазих хуэдизи, унэр уигу къэкIыу щIедзэ. Республикэм сыкIуэжарэт жыпIэу уохъу. Ауэ жыжьэ ущыIэху, хуитыныгъэм уосэ. МыбыкIэ нэхъ къузауэ узэрыщыщытым ущоуджри, укъэкIуэжа нэужь, абы гугъу урегъэхь. Хабзэм быдэу уиIыгъщ. Жылагъуэр апхуэдэ дыдэу къыптемыгуплIэу щытми, унагъуэм ухагъэзыхьынкIи хъунущ: мыр щумытIагъэ, мыпхуэдэу умыпсалъэ, мобы умыкIуэ. Абы пружинэм хуэдэу узэрегъапщхьэ. Хамэ къалэ е къэрал укIуэмэ, уи гум хуиту зеузэщI. Абы, дауи, уздэмыкIуапхъэ укIуэу е узыхуэмей гуэрым зепту къикIыркъым, итIани, нэхъ хуит зэрыхъум мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыхум дежкIэ. Уи щхьэ ухуитыжу уосэри, укъэкIуэжа нэужь, узыхуей псори зэрыпхуэмыщIэр къыптохьэлъэ. Къалэшхуэхэм щыпсэу адыгэхэр зэроубыд, зэхуос, адыгэ шхыныгъуэхэр япщэфI, ахэр хамэхэм ирагъэлъагъу, къофэ, я насыпыр апхуэдэ зэIущIэхэм къыщыхэкIи къохъу.

Гуанэ Аидэ: - КъыщIэмыкIуэж щхьэусыгъуэм ди улахуэхэр зэрыцIыкIури хэтщ. Зымахуэ видеокIэ си Iыхьлыхэр зэпсалъэрти, Мэзкуу щыпсэум «сынэкIуэжыну сыхуейщ» жиIащ. Арати, гушыIэу жэуап иратыж: «КъэкIуэж, къэкIуэж! Сом мин 15 къэпхьу лэжьапIэфI удгъэувынщ!» НэгъуэщI дуней зылъэгъуар Хэкур зэры-Хэку къудеймкIэ къыпхудэхьэхыжыркъым.

- «Калининград сыкъыщIикIыжар я зэхэтыкIэр сигу ирихьыртэкъыми арaщ», - къызжепIауэ щытащ, Элинэ, мыбы ипэ дыщызэпсэлъам щыгъуэ. Ар къытехьэлъэркъэ хамэ щIыпIэ щыпсэум?

Емкъуж Элинэ: - Апхуэдэ дыдэу къытехьэлъэркъым, сыту жыпIэмэ, цIыхур абы щыпсэун хуейщи, игу техуэу зрегъасэ. Псалъэм папщIэ, уэрамым цIыху куэд тутын щофэ, жыпIэнкIи хъунщ. Ауэ абы мыхьэнэшхуэ епыркъым. ФIыр нэхъыбэмэ, узэтрихунукъым. Зи гугъу сщIа хуитыныгъэм и зэран куэдым къызэрекIми гу лъыстащ, адыгэхэри яхэту. Ар си гуапэ хъуркъым, итIани, цIыхум фIымрэ Iеймрэ зэхигъэкIыфу хъун зэрыхуейм хуэпхьыфынущ ар.

Гуанэ Аидэ: - Ардыдэр къуажэм укъикIыу къалэм еджакIуэ укъэкIуа нэужьи уольагъу. Къуажэм мыпхуэдэу зыщищIынутэкъым мыбы зыхужыпIэхэр мащIэкъым. Ар зэлъытар езы цIыхум и щIыкIэрщ, къызыхэкIа унагъуэрщ, зыгъэсахэм и щхьэм кърaлъхьа гупсысэхэрщ.

- Улахуэр зэрынэхъ мащIэм щхьэкIэ, Хэкум уелъэпэуэфу щытын хуей?

Гуанэ Аидэ: - Iэмал бгъуэтхэр, шэч хэмылъу, нэхъ мащIэщ.

- Iэмалхэр нэхъыбэн папщIэ, ахэр щызекIуэ щIыпIэм уэри зыгуэр къыщыбгъэхъун хуейкъэ, уафэм къыщемыхуэхынукIэ?

Гуанэ Аидэ: - Хэкум емылъэпэуэфа тIэкIур дыкъинауэ къыщIэкIынщ. Си щхьэкIэ, мылъкушхуэ къызаткIи, улахуэр нэхъ инынущ жаIэкIи, сыхуейкъым нэгъуэщI къалэ сыщыпсэуну. Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым сыкъытехьэмэ, си къуажэгъу сыхуэзэу, сызыдеджахэм саIущIэу, адыгэбзэ зэхэсхыу, лъэбакъуитI счыхукIэ си цIыхугъэ гуэр сыIуурэ си гур хэхъуэу, ди псэм хэлъ хъуаскIэмкIэ дызэхъуажэущ сыпсэуну сызэрыхуейр.

- ЛъэпкъгъэкIуэдым дытепсэлъыхьрейщ дэ, тхыдэм и гугъу тщIымэ. ИтIани, а гуауэр зыгъэунэхуахэм уращIэблэу, уэ езым дауэ укъыщалъхуа щIыналъэр убгынэным узэрытегушхуэнур? Абы иужькIэ хэт пхуэгъэкъуэншэжынур?

Гуанэ Аидэ: - ЖыпIэрейуи ущыт хъунукъым ар, узэджэр къокIуэ. КъардэнгъущI Зырамыку здэкIуам Алыхьым щигъэтынш, куэдрэ сигу къокIыж: «Гъыбзэ жысIэурэ, си гъащIэр гъыбзэ хъуащ», - жиIат, и бынхэр зэрыщIилъхьэжам щхьэкIэ.

Емкъуж Элинэ: - Хэкум икI щIалэгъуалэм къагурымыIуэр зыщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыщIыкIуращ абыхэм зытращIыхьыр. Ауэ щIыналъэ цIыкIум, псалъэм папщIэ, Мэзкуу елъытауэ, фIы гуэр щыпщIэмэ, нэхъ уакъыхэщынущ. Ар гъащIэ хабзэу къокIуэкI. Жылагъуэ цIыкIум, мащIэ дыдэми, зыгуэр къыщохъулIэу щытмэ, гу къыплъамытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Щапхъэ къэсхьынщ. Зымахуэ «Черкесский ренессанс»-м щIалэ гуэрым щытепсэлъыхьащ, и цIэр АфэщIагъуэ Анзорщ. Илъэс 27-рэ хъууэ арaщ, физикэмрэ математикэмкIэ кандидатщ, КъБКъУ-м ИИ-мрэ робототехникэмкIэ и институтым и доцентщ, Налшык округым щIалэгъуалэ политикэмкIэ и къудамэм и унафэщIщ, адыгэбзэкIи къабзабзэу мэпсалъэ. Налшык дэсщ, щолажьэ, ирегъаджэ. ЩхьэфI фIэтти, ахэр зригъэхъулIэфащ. Ауэ ипэкIэ укIуэтэн папщIэ, цIыхугъи щIыбагъи узэрыхуейм дыщыгъуазэщ, ди жагъуэ зэрыхъущи.

- Езы цIыхур зэрыт щытыкIэми куэд елъытащ. Зэман къыпхуихуэнщ зыщIыпIэ ущыкIуэни, ущеджэни, ущылэжьэни, ауэ «Си Хэкур зэи мы сыздэщыIэм хуэдэ хъунукъым», - жыпIэу букъуэдииныр сфIэзахуэкъым. А уздэщыIэм хамэу ущыщытынущ сыт щыгъуи. Америкэм «американ нэмыщIысауэ», Германием «зыгуэр къызыхуэт нэмыцэу» уакъыщыфIэмыщIынкIэ Iэмал иIэкъым. Мис, дэ республикэм лэжьакIуэ къакIуэ хамэхэм апхуэдэукъэ дызэреплъыр? ЯгъэIэпхъуа удзыр щIым нэхъ хэкIэгъуейуэ зэрыхиубыдэм ещхьу, хамэщI ущыIэху, гъуэгу зымыгъуэта фIы куэд пфIэкIуэдын шынагъуэ щыIэу къысфIощI, узыхуэщIар мы щIыналъэращи.

Гуанэ Аидэ: - УгубзыгъэкIи, акъыл ббгъэдэлъкIи, уи Iуэхур щыпхудэмыхьэкI къохъу. Пэжыр жытIэн хуейщ, жэуап къыщытлъыхъуэкIэ. Еджэныр къапщтэу щытми, Урысейм и адрей щIыпIэхэм еджапIэ нэхъыщхьэм ущыщIэтIысхьэну нэхъ тыншщ, ди республикэм нэхърэ. Къыбдеджахэм уалъэщIымыхьэу ущытыну уи щхьэ хуэбгъэфащэркъым. Уи Iуэху щыдэкIыну щIыпIэр къэбгъанэу: «Сыадыгэщи адыгэщIым сисын хуейщ», - жыпIэу укъэкIуэжкIи зэфIэкIыркъым. Ауэ абы къикIыркъым псори хыфIэбдзэу уежьэжын хуейуи. Дэнэ ущыIэми, адыгэу укъэнэжыпхъэу арaщ.

ЗэрыфIлъагъущи, ди упщIэхэм я жэуапхэр къэдгъуэтыным гъунэ итлъауэ аркъудейщ. Ауэ дызэрызэпсэлъам и фIыгъэкIэ, ди гупсысэхэр куэдкIэ зэрызэтехуэм гу лъыттащ. Ар япэ лъэбакъуэу къэтлъытэмэ, етIуанэми зигъэгувэнкъым.

Епсэлъар **ЧЭРИМ Марианнэщ**.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ*.

● ЛIыгъэм и дамыгъэхэр

Хмельницкий Богдан и орденыр

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ягъэува зауэ дамыгъэхэм ящыщщ. Ар хуагъэфащэрт лъахэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэхынымкIэ зихуэдэ щымыIэ хахуагъэ къэзыгъэлъэгъуа, бийр зэтекъутэнымкIэ дзэ операцэхэр ехъулIэныгъэ хэлъу зэфIахын папщIэ, я псэ емыблэжу зэуапIэм лIыгъэ ин щызезыхьа Дзэ Плъыжьым, Дзэ-Тенджыз Флотым, партизан гупхэм я дзэ пашэхэмрэ зауэлIхэмрэ. Дзэзешэхэмрэ дзэ унафэщIхэмрэ хуагъэфащэ дамыгъэхэм ящыщу Хмельницкий Богдан и орденым и III нагъыщэр зауэлIхэм, партизанхэм мызэ-мытIэу щрати къэхъуащ.

ДАМЫГЪЭР СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ. Орденым I, II, III нагъыщэхэр иIащ. Дамыгъэр гукъэкI зыщIар а лъэхъэнэм «Совет Украинэм щекIуэкI щхьэхуитщIыжакIуэ зауэ» фильмым елэжь кинорежиссер цIэрыIуэ Довженкэ Александрщ. Украинэ щIыналъэр хуит къэщIыжынымкIэ зэуапIэм зи лIыгъэкIэ къыщыхэжаныкIахэм я цIэ кърыраIуэну Япэ Украин фронтым и Дзэ советым хэта генерал-лейтенант Хрущёв Никити апхуэдэ гупсысэ къарихьэкIырти, зэрихьэлIа жэрдэмхэм япкъ иткIэ дамыгъэр ягъэуващ. Орденым и теплъэр гъэхьэзырынымкIэ зэхашэгъа зэпеуэм сурэтыщI 13 хэтауэ щытащ. КъыхэкIа лэжьыгъэхэм хэплъа нэужь, нэхъыфIу къалъытащ Москалёв Николайрэ Пащенкэ Александррэ я пэхуэщIэр.

Орденым и I нагъыщэр дыщэм къыхэщIыкIащ, мащIэу къишауэ бзиитху къызыхэкI, вагъуэ теплъэ зиIэ дамыгъэщ. II икIи III нагъыщэ зиIэ дамыгъэхэр дыжьыным къыхэщIыкIащ. Орденым хэт вагъуэр зи къуапитхур гъэджэфа, дэбзыкI зиIэ, бзиитху къызыхэкI дыщэ вагъуэм и гущIыIум къытелъщ. III нагъыщэ зиIэ дамыгъэм дыжьын вагъуэр зи гущIыIум къытелъ вагъуэм и бзийхэр гъэджэфащ, дэбзыкI яIэкъым. Дамыгъэм и кум хуэзэу дыжьын уэрдыхъу тIуащIэ къызыдекIуэкI, зи лъэгур зэфэзэщу джафэ хъурей итщ. Хъурейм ику дыдэм, IуплъапIэм хуэзэу, зи лъэгур зэфэзэщу джафэ медальон итщ. Медальон лъэгур дыщэм къыхэщIыкIащ. Абы уэбзэгъур Iэ ижьымкIэ зыIыгъ Хмельницкий Богдан и сурэтыр тещIыхьащ. Дзэпщым и щхьэмкIэ къекIуэкIыу хьэрфышхуэ защIэкIэ «ХМЕЛЬНИЦКИЙ БОГДАН» псалъэхэр къыхэIущIыкIауэ тетщ. Медальоным къекIуэкI уэрдыхъу тIуащIэм я зэхуакур тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ гъэщIэрэщIащ. Абы и лъабжьэм, тхыпхъэхэм я зэпыхьэпIэм деж, джатэ къуаншэм и сурэт тещIыхьащ. Дзэпщым и цIэ-унэцIэр III нагъыщэ зиIэ дамыгъэм хэт уэрдыхъум хьэрфышхуэкIэ ищIыхьауэ итщ. Дамыгъэм и I икIи II нагъыщэхэм хэт вагъуэм зэпэщIэту хэт папцIапIэхэм я зэхуакум миллиметр 55-рэ, III нагъыщэ зиIэм миллиметр 45-рэ дэлъщ.

Орденым и щIыбагъыр зэфэзэщу джафэщ, и нэзхэр къыхэщ къудейуэ уэрдыхъу псыгъуэкIэ къэщIыхьащ, и кум хуэзэу дыжьын мастэкъуаншэ егъэубыдыпIэ иIэщ.

Хмельницкий Богдан и орденыр зауэлI фащэм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ храгъэубыдэ, зыхуагъэфащэм нэгъуэщI дамыгъэхэр иIэмэ, Нахимовым и орденым иужькIэ бжыгъэкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу халъхьэ. Орденым и III нагъыщэр Кутузовым и орденым и III нагъыщэм иужькIэ хагъэзагъэ.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Хмельницкий Богдан и орденым и I нагъыщэр 323-рэ (дзэ зэгухьэныгъэрэ дзэпакIэу 10 хэту), II нагъыщэр 2390-рэ (дзэ зэгухьэныгъэрэ дзэпакIэу 850-рэ хэту), III нагъыщэр 5738-рэ (дзэ зэгухьэныгъэрэ дзэпакIэу 216-рэ хэту) ятащ.

ТАБЫЩ Мурат.

Iэщхэмрэ джэдкъазхэмрэ я бжыгъэм хохъуэ

2025 гъэм и щIышылэ - накъыгъэ лъэхъэнэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш продукцэу къыщыщIагъэкIам и куэдагъым хэхъуащ. ЖыпIэнурамэ, щIыналъэм и Iэщыхъуэхэм лырэ джэдкъазылу (псэууэ шэчауэ) къалэжьар проценти 10-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу Iэщ, джэдкъаз щхьэ бжыгъэми хэхъуащ: Iэщышхуэм проценти 3,5-кIэ, абы щыщу жэмым - процент 1,8-кIэ, мэлымрэ бжэнымрэ - проценти 6,7-кIэ, джэдкъазым - процент 0,3-кIэ.

ДжэдыкIэу кърахым и куэдагъми хэхъуэ зэпытщ икIи проценти 3,5-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ IэнатIэм зыужьыныгъэфIхэр зэриIэр.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

Хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ

Къэралым и мэкъумэш IэнатIэм пыщIауэ лажьэ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я IуэхущIапIэхэм я бжыгъэр мини 4,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ икIи псори зэхэту мини 192-м нызэрыхьэсащ. 2023 гъэм абыхэм хэхъуэу къагъэлъэгъуащ сом триллиони 4-м нэблагъэ, нэгъабэ сом триллиони 4,7-м ар щIигъуащ. А бжыгъэхэр къитащ МСП Корпорацием.

ЖЫПIЭНУРАМЭ, къэралым и мэкъумэш IэнатIэм пыщIа МСП-м и IуэхущIапIэхэм цIыху мин 815-рэ щолажьэ. Абыхэм ящыщу процент 85-р мэкъумэш къэкIыгъэхэм, Iэщ гъэхъуным епхащ, проценти 10-р мэз хозяйствэмрэ мэзыпхъэхэр гъэхьэзырынымкIэ, проценти 5-р - бдзэжьей къэгъэхъунымрэ бдзэжьеящэ IэнатIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэдгъэлъагъуэмэ, дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ мэкъумэшым пыщIауэ лажьэ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хыхьэ IуэхущIапIэхэм я бжыгъэм проценти 2,2-кIэ хэхъуащ икIи псори зэхэту 3150-рэ хъуащ. Абыхэм я куэдагъымкIэ къэралым щыпэрыт нэхъыфIыпщIым яхохьэ Краснодар крайр, Ростов областыр, Башкортостаныр, Ставрополь крайр, Волгоград областыр, Дагъыстэныр, Къэрымыр, Саратов областыр, Алтай крайр, Тэтэрстаныр.

УФ-м и мэкъумэш IэнатIэм щылажьэ хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ я IуэхущIапIэхэм нэгъабэ ахъшэ щIыхуэу сом мелард 15,4-м нэблагъэ къащтащ, шэсыпIэ фондхэр къызыдагъэIэпыкъуу. Къэрал гулъытэхэр абыхэм ират «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм къыщыгъэлъэгъуа IуэхугъуэхэмТ япкъ иткIэ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Псы щIэгъэлъэдэным и ефIэкIыныгъэхэр

Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм МелиорацэмкIэ и департаментым и унафэщI Коровин Артем иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ къэралым и щIыналъэхэр мелиорацэ лэжьыгъэхэм зэрехъулIэм теухуа зэIущIэ. Видео зэпыщIэныгъэ Iэмалхэр къигъэсэбэпу абы хэтащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм Мэкъумэш къэкIыгъэхэмкIэ и департаментым и унафэщI Хьэмжу Сэлим.

ЖЫПIЭНУРАМЭ, Къэбэрдей-Балъкъэрым псы зыщIагъэлъадэ щIым гектар мини 3,7-рэ дызэрыт илъэсым къыхагъэхъуащ икIи мы гъэм абыкIэ зыхуагъэувыжауэ щыта къалэнхэр къанэ щымыIэу ягъэзэщIащ. 2019 - 2024 гъэхэм къриубыдэу псы зыщIагъэлъадэ щIым гектар мин 35,5-рэ къызэщIрагъэубыдащ.

Уэшх къыщешхым деж хуэдэу хьэсэхэр псыкIэ зыгъэнщI, щIыпIэшхуэхэр зэуэ къызэщIэзыубыдэ машинэу 430-м щIигъу республикэм иIэщ нобэ, псыр ихъуреягъкIэ зэрызэбграутхыкI спринклерхэм хуэдэхэр, жыг, хадэхэкI зыгъэкIхэм ткIуэпстIуэпсурэ псыр къэкIыгъэхэм зэрыщIагъэхьэ системэхэри щыIэщ. Псом хуэмыдэу ар къэзыгъэсэбэпыр хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ зезыхьэхэрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш щIыпIэхэр псым къызэщIегъэубыдэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэи ягъэувыIэркъым. Псалъэм къыдэкIуэу, етIанэгъэ хьэсэхэм псы езышэлIэну мурад зиIэхэм зэхьэзэхуэм хэтын папщIэ лъэIуэхэр щIыпIIэ министерствэм къыщыIах мэкъуауэгъуэм и 25 пщIондэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Губгъуэжыхапхъэр гъэкIуэдыгъуейми...

ЦIыху куэд зыгъэсымаджэ губгъуэжыхапхъэр (амброзиер) Америкэ Ищхъэрэм нащэгъэбагъуэ жылэм хэлъу къэрашри, Европэм къагъэIэпхъуа хъуащ 1873 гъэм. Удзым псынщIэ дыдэу зиубгъуу, и зэранышхуи цIыхум къекIыу къыщIэкIащ.

ГУБГЪУЭЖЫХАПХЪЭР щыкуэдщ Европэми, Америкэ Ипщэми Ищхъэрэми, Африкэ Ищхъэрэми, Азиеми. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, абы адэкIэ зиубгъунущ.

Урысейм губгъуэжыхапхъэр къыщыщагъуэтар 1918 гъэращ, Ставрополь пэмыжыжьэу, Владикавказ - ТIуапсей гъуэщI гъуэгу зэбгрыкIыпIэм хуэзэу. ИтIанэ ар кIуэтащ Краснодар крайм, Ростов областым щынэсар 1950 гъэхэращ. Дунейр нэхъ хуабэ зэрыхъум къыхэкIыу, ар Урысей Федерацэм и ищхъэрэ щIыналъэхэм мэкIуатэ.

Губгъуэжыхапхъэр цIыхумкIи къэкIыгъэхэмкIи зэранщ. ЩIы щхьэфэм зэрыщызэбгрыжым хуэдэу, и лъэхъыцми псынщIэу зеукъуэдий, губгъуэжыхапхъэ килограммыр зыхуей хуэзэн, мыгъужын папщIэ, псы литр 948-рэ зыщIеф. Гуэдзым, псалъэм папщIэ, тIукIэ нэхъ мащIэщ зыщIишэр. КъищынэмыщIауэ, абы щIым куэду къыхех азотымрэ фосфорымрэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, адрей къэкIыгъэхэм зэрызаужьын псырэ щIыгъэпшэррэ яхуримыкъуурэ, егъэкIуэдыж.

Губгъуэжыхапхъэм губгъуэр зэщIищтамэ, мэкъумэш техникэр тэмэму лэжьэжыфыркъым, гъавэр и чэзум Iуахыжыфыркъым, мэкъупIэм нэсамэ, Iэщым ишхын удз къигъэкIыркъым. А къэкIыгъэм игъэсымаджэ цIыхум и лъэр щIех: и нэпсыр къыщIэжу, и нэм шын щIищIэу, тэмэму имылъагъужу мэхъу, тхьэмбылыр игъэбэгыу цIыхур къащыхуемыгъэли щыIэщ.

Дызытепсэлъыхь удз лIэужьыгъуэр апхуэдизкIэ «быныфIэщи», ульэщIэмыхьэу мэбагъуэ. Зы удз жэпкъым и гъужыгъуэм жылэ мин 40-м нэс кърыполъэлъри, щIым хокIэ. КъыкIэлъыкIуэ гъатэм а псори мэгъагъэ. Сыт хуэдизрэ ар шэмэджкIэ помыупщIми, губгъуэжыхапхъэр кIуэдыркъым, уеблэмэ лъабжьи 5 - 15 еутIыпщ. Ар нэхъыбэу щыгъагъэр накъыгъэ-мэкъуауэгъуэ мазэхэрщ, ауэ ди щIыналъэм щыпсэухэм я аллергиер щыятэр шыщхьэуIу-жэпуэгъуэ мазэхэращ.

АтIэ, дауэ губгъуэжыхапхъэм узэрыпэщIэтынур?

Iэмалищ иIэщ абы: мэкъумэш, химие, биологие.

Мэкъумэш лэжьыгъэр зэкIэлъыгъэкIуауэ, набдзэгубдзаплъэу бгъэзащIэмэ, абы нэхъыфIи яхэткъым, зэрыжаIэмкIэ. Псом япэрауэ, зы гъэм хэпса къэкIыгъэр етIуанэми хэпсэж хъунукъым. Мэкъумэш лэжьыгъэхэм епха щIэныгъэлIхэм зэрызэхагъэщхьэхукIа хабзэм тету зэблэхъун хуейщ жылэхэр.

Хадэм къыщыкIа губгъуэжыхапхъэм и лъэхъыцыр зэригъусэу къыхэчын хуейщ, армыхъумэ, зэрыжытIащи, пыбупщIыху нэхъри мэбагъуэ. КъищынэмыщIауэ, УФ-м щагъэбелджыла гын зыбжанэ щыIэщ, а удзыр ирагъэкIуэду. Ещанэ Iэмалыр - губгъуэжыхапхъэр щыкI щIыпIэм удз Iув зэмылIэужьыгъуэхэр, джэш, хьэ, гуэдз, къинэмыщIхэр щыхасэ. «Амброзивный листоед» жиIэу щыIэщ хьэпIацIэ лIэужьыгъуэ, а удзым фIэкIа имышхыу. А псори зы пщIыжрэ, зэкIэлъхьэпыту губгъуэжыхапхъэм «уеуэмэ», илъэситI-щым къриубыдэу пхуэгъэкIуэдыну арaщ.

КъыхэгъэщыпхъэщI мы удзыжьыр гъэкIуэдыныр щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм, мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм, щIыр бэджэнду зыIыгъхэм, унагъуэхэм я къалэну зэрыщытыр. «О карантине растений» жиIэу УФ-м 2014 гъэм Хабзэ къыщащтащ. Абы и 32-нэ Iыхьэм щыгъэбелджылащ мы удзыр гъэкIуэдыным хуэгъэзауэ зи къалэныр зымыгъэзащIэм ахъшэу иратгъэпшыныр: унагъуэхэм - сом 300 - 500, КъулыкъущIэхэм - 500 - 1000, IуэхущIапIэ зиIэхэм - 5000 - 10000.

ФЫРЭ Анфисэ.

Зи акъылыр жан, зи гупсысэхэр нэху

Гъащlэр зэрызэхэт lыхьэхэм ящыщ дэтхэнэми езым и къалэнрэ мурадрэ иlэщ. Псом хуэдэжкъым щlалэгъуэр. Ар лъэхъэнэ къызэрымыкlуэщ, гъащlэм гъуэгу щыпхуэхъуну лъагъуэм ущытеувэщ. А хэхынигъэр зыгъэбелджылы лъэбакъуэр щыуагъэншэу зычхэр нэхъ щlэх лъоlэс я гугъапlэхэмрэ хъуэпсапlэхэмрэ, нэхъ псынщlэу зрагъэхъулlэф я мурадхэмрэ гуращэхэмрэ.

● Пэрытхэр

ЩIАЛЭГЪУЭ зэман дахэм иджыри итми, гъащlэм лъэ быдэкlэ хэувауэ къэплъытэ хъуну къысфlощl ди тхыгъэр зытеухуа адыгэ щlалэщlэр. Ар КъБР-м Щlалэгъуалэм я lуэхукlэмкlэ и министерствэмрэ Зи щlалэгъуэхэм я республикэпсо зэгухьэныгъэмрэ илъэс зыбжанэ хъуауэ ирагъэкlуэкl «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зэрыгушхуэ» зэпеуэм и «Щlэныгъэлl ныбжьыщlэ» унэтlыныгъэм щытекlуа икlи абы и саугъэтри зыхуагъэфэща Шыд Арсенщ. И ныбжькlэ щlалэми, гъащlэм куэдым щыхунэсакlэщ зи акъылыр жан, зи гупсысэхэр нэху Арсен. Апхуэдэу еджэнымрэ щlэныгъэмрэ игури и псэри етауэ, щlэм и лъыхъуакlуэ нэсу къызэрыхъуам и лъабжьэр, и къежьапlэр абы ирепх къызыхэкlа унагъуэм.

Дзэлыкъуэ щlыналъэм хыхьэ Сэрмакъ жылэшхуэм щыщ адыгэ унагъуэ дахэщ Арсен къыщыхъуар. Абы и адэ Гъумар и lэщlагъэкlэ инженер-энергетикщ, Дзэлыкъуэ РЭС-м Малкэ щиlэ къудамэм и диспетчерщ. И анэ Еленэ къуажэм дэт курыт школ №3-м пэщlэдзэ классхэр щрегъаджэ. Зэщхьэгъусэхэм я быниплlыр: щlалэхэу Арсен, Беслъэн, Алан, хъыджэбз закъуэ Даянэ сымэ нэхъыжьхэм къагъэхъуащ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я гъуазэу. Зэкъуэшхэм ящыщ дэтхэнэми Сэрмакъ дэт курыт школ №3-р фlы дыдэу къиухащ. Арсенрэ Беслъэнрэ энергетикэм епха lэщlагъэм щыхуеджащ Ставрополь къалэм дэт Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым (СКФУ). Нэхъыщlэ Алан дохутыр lэщlагъэр къыхихащ, ар Ставрополь къэрал медицинэ университетым и студентщ. Зэшхэм нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэу ягъафlэ я шыпхъу цlыкlу Даянэ иджыри школакlуэщ, и анэкъилъхухэм я щапхъэм тету, фlы дыдэу йоджэ, лъэпкъ къафэм дехьэх.

Еджэным, щlэныгъэм пщlэ щыхуащl унагъуэ дахэм къащlэувэ щlэблэр апхуэдэу екlуу гъэсэнымкlэ адэ-анэм щlэгъэкъуэни щапхъи дапщэщи яхуэхъуу къекlуэкlащ адэшхуэ-анэшхуэхэу Шыдхэ Мухьэмэдрэ Жамилэтрэ, Кlэщтхэ Хьэзрэталийрэ (и ахърэтыр нэху ухъу) Любэрэ. Адэанэм, я нэхъыжьыфlхэм, щlэныгъэм и гъуэгум тезыгъэува школ егъэджакlуэхэм фlыщlэшхуэ хуищlу ятопсэлъыхь Арсен.

- Нэхъыжьыфl уиlэныр фlыгъуэ мылъытэщ. Абыхэм я деж къыщожьэ щlэблэм ядэблъагъу хьэлхэмрэ щэнхэмрэ ящыщ куэд. Апхуэдэщ зэрыбыным ди дежкlэ ди адэ-анэр, ди дадэхэр, нанэхэр. Сыт щыгъуи быным къыттеубгъуауэ я гъащlэр ирахьэкl абыхэм. Къытхуащl гулъытэм нэхърэ нэхъыбэж яхуэтщlыну, дипсэ хуабагъэ абыхэм ялъэдгъэlэсыну дыхущlокъу зэанэкъилъхухэр дапщэщи. Узыншэу тхуэпсэуну, я жьауэр куэдрэ тщхьэщымыкlыну Тхьэм солъэlу, - жеlэ щlалэщlэм. - Апхуэдэу фlыщlэ куэд яхуэфащэщ курыт школым егъэджакlуэу, унэтlакlуэу щыдиlахэм. Я бын дыдэхэм дыпалъытэу, ахэр къыдэлlэлlащ я нэlэм щlэтхэм. Нобэ зы ехъулlэныгъэ гуэрхэр зыlэрыдгъэхьэфауэ щытмэ, абыхэми я фlыгъэ куэд хэлъщ.

Курыт школым щыщlэса илъэсхэм Арсен зыхэтым фlыкlэ къахэщу щытащ. Ар нэхъыбэу дэзыхьэх предметхэм ящыщт тхыдэр, физикэр, геометриер, спортри гулъытэншэ ищlыртэкъым. Ухуэныгъэхэм я проектхэр зыщl инженер lэщlагъэм хуеджэну и мурадами, и адэшхуэмрэ и адэмрэ хуэдэу,электроэнергетикэ унэтlыныгъэр къыхихащ. Иджыпсту Арсен Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и аспирантурэм и етlуанэ курсыр къеух. Студент илъэсхэм лъандэрэ къэхутэныгъэхэм хуабжьу дихьэх щlалэщlэр щlэгъэхуэбжьауэ йолэжь и кандидат диссертацэм. Абы зэрыжиlэмкlэ, еджапlэ нэхъыщхьэм щекlуэкl дерсхэм я закъуэкlэ зэи къэувыlакъым, атlэ и зэхэщlыкlым, къэухьым, бгъэдэлъ щlэныгъэм хигъэхъуэн мурадкlэ дапщэщи жыджэру хэтащ (ноби аращ) щlыналъэпсо, къэралпсо, дунейпсо зэпеуэ зэмылlэужьыгъуэхэм, форумхэм, инженер ныбжьыщlэхэм я кейс-чемпионатхэм. Абыхэм ехъулlэныгъэфlхэр, текlуэныгъэхэр къапэкlуащ: Арсени ар зи пашэ гупри мызэмытlэу пашэ щыхъуащ зэпеуэхэм, Москва щекlуэкlа кlэух lыхьэхэми ирагъэблагъэу. Щlалэщlэм игу къина апхуэдэ lуэхугъуэхэм ящыщщ СКФУ-м и бакалавриатыр къыщиухым итха диплом лэжьыгъэр «Профстажировки 2.0» урысейпсо чемпионатым и утыку ирахьахэм я нэхъыфlу къызэралъытауэ щытар. Ари абы и пщlэр къэзэlэт ехъулlэныгъэфlт.

Абдежми къыщиувыlакъым щlэныгъэм хуэнэхъуеиншэ адыгэ щlалэр. Абы еджэным щыпищащ магистратурэм, иужькlэ университетым и аспирантурэми лъэпощхьэпоуншэу щlэтlысхьащ, егъэджакlуэхэм я чэнджэщкlэ.

Магистратурэр къиуха нэужь, Арсен лэжьапlэ уваэ щытащ Ставрополь крайм Энергетикэмкlэ, промышленностымрэ связымкlэ и министерствэм, Стратегие зыужьыныгъэмрэ проект лэжьыгъэхэмкlэ и къудамэм и lэщlагъэлl пашэу. Мазэ бжыгъэкlэ а lэнатlэм пэрытащ lэщlагъэлl гумызагъэр, мурадхэмрэ жэрдэмхэмрэ зи куэдыр. Абы щыlэу, зэрихабзэу, хэтащ къадыгъу электрокъарур наlуэ къызэращl программэ зэхэлъхьэнымкlэ зэпеуэм. Абы щытекlуэри, сом зы мелуан хъу ахъшэ къратащ, и проектыр ирагъэзэщlэну. А псори и тегъэщlапlэу, СКФУ-м и аспирантурэм щlэтlысхьащ, а lуэхум ехьэлlа къэхутэныгъэхэр иригъэкlуэкlыну. Арсен и генеральнэ унафэщlщ естественнэ, техникэ щlэныгъэхэм ехьэлlа къэхутэныгъэхэр щригъэкlуэкl lуэхущlапlэм (ООО). Арсен и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм ящыщ куэд къытрадзэ Scopus, Web of Science библиографие, реферативнэ дунейпсо базэхэм хыхьэ щlэныгъэ журнал цlэрыlуэхэм. Абыхэм уи тхыгъэ къытрадзэн щхьэкlэ, абы щlэныгъэм и дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиlэ еплъыкlэщlэ гуэр хэлъын хуейщ, ар къызыхэщ рецензэ купщlафlэри щlыгъужу. Апхуэдэу къалъытэ Шыд Арсен и къалэмыпэм къыпыкl щlэныгъэ тхыгъэхэр.

Къинэмыщlауэ, Арсен эксперту ядолажьэ университетым электроэнергетикэ унэтlыныгъэмкlэ щlэныгъэ щызэзыгъуэт студентхэм, абыхэм унэтlакlуэ яхуэхъуу, бгъэдэлъ щlэныгъэмкlэ ядэгуашэу. Щlалэр щlэх-щlэхыурэ ирагъэблагъэ зэхуэсхэм, форумхэм, конференц зэмылlэужьыгъуэхэм. Абыхэм я утыкушхуэхэм абы щеlуатэ и lуэху еплъыкlэщlэхэр. Арсен зыхэта зэхуэсышхуэхэм ящыщщ Энергетикэмкlэ урысей тхьэмахуэ къэралпсо зэlущlэ иныр, щlэныгъэлl ныбжьыщlэхэм я конгрессу Сочэ къалэм щызэхашар, Инвестицэхэмкlэ Кавказпсо форумыр, Санкт-Петербург щекlуэкlа Дунейпсо экономикэ зэlущlэр, нэгъуэщlхэри. СКФУ-м «Илъэсым и аспирант» щыхъуа адыгэ щlалэщlэр куэд дэмыкlыу хэтынущ Къэзан щызэхашэну Энергетикэмкlэ дунейпсо школым и зэхуэсым, Щlэныгъэлl ныбжьыщlэхэм я советым хэтхэм я урысейпсо съездым.

Арсен и гъусэу мэлажьэ и къуэш Беслъэни. Ар иджыпсту магистратурэм щоджэ. Зэшхэм еджэнри, лэжьыгъэ lэнатlэри, щlэныгъэ-къэхутэныгъэхэри, хьэрычэт lуэхухэри хъарзынэу зэфlах, щытхъурэ фlыщlэрэ пылъу.

Апхуэдэ дуней тетыкlэ дахэ, екlу, lуэхугъуэ купщlафlэ куэдкlэ гъэнщlа бгъэдэлъщ илъэс 25-рэ фlэкlа зи мыныбжь Шыд Арсен. Щlалэ акъылыфlэм къызэрилъытэмкlэ, щlалэгъуэ зэманыр сыткlи щызу, жыджэру къэгъэсэбэпыпхъэщ, зыужьыныгъэ зэгъэгъуэтыпхъэщ.

А гъащlэ мардэхэм тету мэпсэу Арсени абы и анэкъилъхухэри, насыпрэ дэрэжэгъуэрэ къахуэзыхь, фlыуэ ялъагъу lэщlагъэм хуеджэру гупсэхугъуэ щагъуэт, жэрдэмыщlэхэм я къигъэхъуапlэ яхуэхъу lэнатlэми пэрыту. Фи lуэху фlы ирикlуэ, зи щlалэгъуэхэ! Ехъулlэныгъэщlэхэр зыlэрывгъэхьэну, лъагапlэщlэхэм фынэсыну, фи зэфlэкlымрэ щlэныгъэмрэ фыкъыщалъхуа адыгэ щlыналъэм и зэпэщыныгъэм, зыузэщlыныгъэм хуэвгъэпсыну ди гуапэщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Америкэм медаль кърех

Олимп джэгухэм хыхьэ тхэквондо лlэужьыгъуэмкlэ (ВТФ) «Grand Prix Challenge 2025» фlэщыгъэр зэрихьэу США-м и Шарлоттэ къалэм иджыблагъэ щекlуэкlа дунейпсо зэхьэзэхуэм и япэ lыхьэм домбеякъ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Бекъул Миланэ.

УРЫСЕй Федерацэм и командэ къыхэхам хэту къызэрыхах зэпеуэм щыlа адыгэ пщащэм ещанэ увыпlэр иубыдын папщlэ зэlущlитху иригъэкlуэкlащ икlи апхуэдэ ехъулlэныгъэм къыпэкlуэу lэмал игъуэтащ 2026 гъэм Италием и къалащхьэ Рим щызэхэтыну кlэух зэпеуэм и зэфlэкlхэр щигъэлъэгъуэну.

Миланэ щызауэр килограмм 49-рэ зи хьэлъагъхэм я дежщ. Домбеякъ медалым щхьэкlэ абы къыпэщlэтар Тайваным и лlыкlуэти, бжыгъэшхуэкlэ ар хигъэщlащ.

Иджы екlуэкlа зэхьэзэхуэм хэтащ къэрал 44-м я спортсмен 400-м щlигъу.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, Бекъул Миланэ УФ-м тхэквондомкlэ щэнейрэ и чемпион хъуащ, дунейпсо, урысейпсо зэхьэзэхуэшхуэхэм куэдрэ щытекlуащ, спортым дунейпсо классымкlэ и мастерщ, и хьэлъагъ елъытауэ зыхэт гупхэм я деж къэралым щынэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ. Спортсменкэм дэлажьэр УФ-м щlыхь зиlэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

НЭУРЫЗОКЪУЭ Ислъам.

Дунейпсо чемпионыр ди хамэкъым

Венгрием и къалащхьэ Будапешт дзюдомкlэ щекlуэкlа дунейпсо чемпионатым Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэн Блий lэюб домбеякъ медаль къызэрыщихьам и мызакъуэу, дигу къинэжын lуэхугъуэ зыбжанэ иджыри абы къррикlуащ.

ЯПЭРАУЭ, килограмм 81-рэ зи хьэлъагъхэм я деж чемпион щыхъуа Арбузов Тимур Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и педколледжым щеджащ икlи зэрыстудентым хуэдэу зэхьэзэхуэхэм хэтащ, ехъулlэныгъэфlхэр иlэу. Езы щlалэр къыщалъхуар Краснодар крайм и Кропоткин къалэрщ, дзюдом гу хуезыгъэщlар и адэ Денисщ. Кимонор щитlагъэу адэм и къуэр гъэсэн щыщlидзам Тимур илъэсиплl хъууэ арат. Иужькlэ, щlалэ цlыкlум зыгуэр къыхэкlыну щилъагъум, Нэгъучэ Жамболэт деж, Тlуапсэ къалэм ишащ. Мыбдежым адыгэ тренерым ифl куэд Тимур екlащ.

«Нэгъучэ Жамболэт тренер бэлыхьщ, и lэзагъкlэ дуней псом щынэхъыфlхэм яхохьэ. Си псалъэхэм я щыхьэтщ зы илъэсым къриубыдэу (2025 гъэм) Тимур Европэми дуней псоми я чемпион зэрыхъуар», - жеlэ Денис.

Къызэрыщlэкlымкlэ, езы Нэгъучэ Жамболэти шэч къытрихьэртэкъым и гъэсэным дыщэ медаль къызэрихьынум. «Тимур зэрытекlуар гъэщlэгъуэн сщыхъуакъым. Пэжщ, гугъуехь гуэрхэр къызэрыхукъуэкlынур гурыlуэгъуэт. Дауэ хъуми, финалым къыщыпэщlэтащ нэгъабэрей чемпионатым къыщытекlуа, иужькlэ Европэм щыхигъэщlэжа куржы бэнакlуэ лъэщ Григалашвили Татэ. Европэ, дунейпсо чемпионатхэм щэнейрэ ар зэрыщытекlуам къыбжаlэ Тимур къыпэщlэтам и зэфlэкlхэр зыхуэдэр.

Абы щхьэкlэ къэмынэу, дыгугъащ икlи дыпэплъащ Тимур и дыщэ медалым. «Иппон» lэмалыр тэмэму хуэмыгъэзэщlами, текlуэныгъэр зэныкъуэкъу гуащlэм къыхихащ. Тимур абы нэхъыбэу хуэхьэзыру къыщlэкlащ», - къыхигъэщащ Нэгъучэм.

Арбузов Тимур дыщэ медалыр къихьа нэужь, журналистхэм я упщlэхэм жэуапхэр щаритыжым иджыри зы адыгэ щlалэм и цlэ къыхигъэщат.

«Егъэлеяуэ цlыху куэд къыздэщlащ нобэ. Ди федерацэр. Си тренер Нэгъучэ Жамболэт. Си адэр. Зэхьэзэхуэхэм зыщыхуэзгъэхьэзырхэм деж къыздэlэпыкъу, си гъусэу банэ щlалэхэр. Командэр. Ныбжьэгъухэр. Псори си гъусащ нобэ. Псори къэтхащ, къыздэщlащ. Хьэбэчыр Мурат (2012 гъэм Европэм и дыжьын медаль къихьащ, УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжьщ - Хь.О.) махуэ псом къызбгъурытащ, зэхьэзэхуэхэм сыхуигъэхьэзыращ, утыкум сришащ. Чемпионатым щlимыдзэ щlыкlи, мазэ псокlэ къыздэlэпыкъуащ, зызигъэгъэхьэзыращ, си гъусэуи бэнащ, езым бэнэн щигъэтыжауэ щытми», - жиlат Тимур.

Мис апхуэдэ чемпионат гъуэзэджэ щекlуэкlащ Венгрием, ди республикэмрэ адыгэхэмрэ я lуэхугъуэфl куэдкlэ гъэнщlауэ. Иджыри гъэщlэгъуэну мыри хэлъащ а чемпионатым: Арбузов Тимур ипэкlэ, килограмм 81-рэ хъухэм я деж УФ-м и дзюдоистхэм иужьрей дыщэ медалыр дунейпсо чемпионатым къыщыщахьауэ щытар илъэс 16-кlэ узэlэбэкlыжмэщ. 2012 гъэм ар зыхузэфlэкlар Нифонтов Иванщ.

Абы нэмыщl, мыри дыщlызгъужынут: мы чемпионатым УФ-м и командэм щхьэзакъуэ зэпеуэхэм медалитху къыщихьащ, 3-р дыщэу, 2-р домбеякъыу. Ипэкlэ апхуэдэ зэи яхузэфlэкlакъым. Иужьрей дыдэу ди командэм псори зэхэту медалищ, щыри дыщэу, къищихьар 2001 гъэрщ. Илъэс 24-рэ дэкlащ абы лъандэрэ.

Медаль бжыгъэхэмкlэ блэкlа чемпионатым Япониер япэ ищащ, УФ-р етlуанэщ, Италиер ещанэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Iуащхьэмахуэ хьэщlэхэм поплъэ

Кавказ.РФ-мрэ УФ-м Бгы-лыжэ спортымкlэ и федерацэмрэ гъатхэгъэмахуэ зыгъэсэныгъэхэр къэралым и спортсменхэм «Iуащхьэмахуэ» курортым илъэсибгъу хъуауэ къыщыхузэрагъэпэщ. Жыпlэнурамэ, щlымахуэм къеса уэсым щыщ «зэрагъэтlылъэкlри», гъатхэр къызэрысу, лыжэкlэ бгым къызэрех лъагъуэхэм тракlутэжащ, абы къыдэкlуэу, зыхуэныкъуэну оборудованэхэр спортсмен мини 2-м нэблагъэм хуагъэуващ. Абы нэмыщl, цlыхухэм лъэхъэнэ нэхъыбэкlэ къажыхьыфын папщlэ, Азау хуейм нэсыху lэрыщl уэсхэр тралъхьэ, абы хуэщlа техникэр къагъэсэбэпу. Бжыхьэм ирихьэлlэу апхуэдэ зы иджыри ягъэувынущ.

«IУАЩХЬЭМАХУЭ и саугъэт» зэхьэзэхуэр 2016 гъэм щегъэжьауэ курортым гъэмахуэм щрагъэкlуэкl. Нэгъабэ мыбы щызэпеуащ спортсмен 400-м нэблагъэ, я ныбжькlэ илъэс 14 - 16 хъухэу. Спортым дихьэхэм папщlэ ар зэрекlуэкlар видеокlэ эфир занщlэм кърагъэлъхьащ.

«Мы гъэм lуащхьэмахуэ гъэщlэгъуэнащ. Щlымахуэм и пэщlэдзэм уэсыр темыlыхьхауэ жыпlэ хъунущ, атlэ гъатхэм апхуэдизу куэд къытрикlутати, етlанэгъэ щхьэкlи къэбгъэнэн щыlэт. Си гугъэмкlэ, ар ауэ сытми къэхъуакъым: спортсменхэр къызэрыкlуэнум езы дунейм зыхуигъэхьэзырауэ къыщlыкlынут. Дауи, дэ абы дыщогуфlыкl.

Спортсменхэм я еджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ зэхуэсхэр егъэкlуэкlынымкlэ мы къуршым, мы курортым къэралым къыщыпэлъэщынур мащlэщ. Абы къыхэкlыуи, ди къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ спортсменхэр зыхуэзыфlэкlмкlэ дагъуэншэу къызэгъэпэщынымрэ Гарабаши къурш мылылъэр хъума хъунымрэ. Мис абыхэм долэжь», - жиlащ Кавказ.РФ-м и унафэщlым и къуэдзэ, УФ-м бгы-лыжэ спортымкlэ и федерацэм и тхьэмадэ Беккаев Хьи-са.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, къурш мылылъэхэр хъумэным и дунейпсо илъэсу 2025 гъэр ягъэуващ. Кавказ.РФ-мрэ УФ-м Бгы-лыжэ спортымкlэ и федерацэмрэ lуащхьэмахуэ и мылылъэ щlыпlэхэр хъумэным яужь итщ: уэсыр нэхъыбэрэ зэрылъэлъыным хущlокъу, зэгуэзыпlэхэр ягъэбыдэ, хамэ къэралхэм я лэжьэкlэ мардэхэр къагъэсэбэп, техникэщlэхэмрэ оборудованэхэмрэ къащэху.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

● Хы lуфэ щlыпlэцlэхэр

Хъуэпсы - Кхъуэпсы - Хъуэбзы - Хобза

Мы цlэр зезыхьэ псыр хы Фlыцlэм щыхэхуэжыр Сочэ къалэ ищхъэрэкъухьэпlэмкlэ километр 19-кlэ пыlухащ. Абдежым щыlэ зыгъэпсэхупlэми апхуэдэущ зэреджэр.

КИЛОМЕТР 14 зи кlыхьагъ псым фlащам теухуауэ lуэху еплъыкlэ зыбжанэ щыlэщ. Абыхэм ящыщу нэхъ трагъакlуэр ар убыхыбзэм къызэрытехъукlарщ.

«Хъуэ» псалъэр аптlэхъуэхэм (убыххэм) я бзэм къызэрыщыкlуэр дэ, адыгэхэм, «кхъуэ» жыхуэтlэрщ. «Бзы» пычыгъуэр зыхуахьу щытыгъар, зэрынэрылъагъущи, «псы»-рщ. Аращи, Хобза - Хъуэбзы - Хъуэпсы. Нэгъуэщlу къэдгъэлъагъуэмэ, «кхъуэпс» мыхьэнэращ фlэщыгъэр зэрыщыту зыхуэкlуэжыр. Хэт ищlэрэ, мэзыпс цlыкlум и lэхэлъахэр, а цlэр щытрагъэlукlа лъэхъэнэхэм, кхъуэ пlащэ тlысыпlэу щытагъэнущ.

Арщхьэкlэ, щlыпlэцlэм ехьэлlауэ нэгъуэщl lуэху еплъыкlэхэри щыlэщ. Абыхэм язщ фlэщыгъэм и япэ lыхьэр шапсыгъхэм я бзэм хэт «хъуэ» псалъэу «хъуапсэ» - «хъуапсэгъуэ» егупсысыкlэм хуэкlуэм зэрыхуахьыр. Аращи, а лъэныкъуэмкlэ дыкъыщеплъмэ, псыцlэм къикlыу ягъэувыр «Хъуэпсэпс» жыхуиlэрщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ фlэщыгъэр «хыбзу»-м (хы тхьэрыкъуэ, чайка) хуэзыхьхэри зэрыщыlэр.

Мы псым и гугъу щащlкlэ, «хъуэбзы»-р «къабзэ»-м хуэзыгъакlуэхэми уарохьэлlэ...

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапцlэ.

Иджы «Акъбащри» хокl

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм тхьэмахуэ ипэкlэ дыщытепсэлъыхьым, ди жагъуэ хъуауэ къыхэдгъэщащ Шэджэм Етlуанэ къуажэм и «Шэрджэс» командэ хъарзынэр зэхьэзэхуэм зэрыхэкlыжар. Махуэ зыбжанэ дэкlри абы и лъэужьыр ихуащ Тэрч районым хыхьэ Акъбащ Ищхъэрэ къуажэм и гупым. Апхуэдэурэ екlуэкlмэ, зэпеуэм хухаха лъэхъэнэр имыух щlыкlэ псори зэбгрыкlыжынущ.

«ШЭРДЖЭСЫМРЭ» «Акъбащымрэ» зэкlэлъхьэужьу зэхьэзэхуэм езыр-езыру зэрыхэкlыжам зыкъом зэхигъэзэрыхьащ. Япэрауэ, ахэр зыхэта зэlущlэхэм къарикlуа бжыгъэхэр якъутэжащ. Етlуанэрауэ, зэпеуэр зэрекlуэкl календарыр зэхитхъуащ. Дауи, а псом яужькlэ тхьэмахуитl ипэкlэ турнир таблицэм иlа щытыкlэми зэхъуэкlыныгъэ куухэр игъуэтащ.

Блэкlа щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтар джэгугъуиплl къудейщ. Япэщlыкlэ Ислъэмей къуажэм хэгъэрейхэм бжыгъэшхуэкlэ щыхагъэщlащ Шэджэм икlа «Черкес»-р. Къыкlэлъыкlуэ махуэм щыlа зэlущlищми узыпэмыплъэн къыщыхъуакъым. Апхуэдэу «Искра»-р «Логоваз»-м ефlэкlащ, «Спартак-Д»-р «Бедик»-м текlуащ, Псынэдахэр псыгуэнсудэсхэм нэхърэ куэдкlэ зэрынэхъ лъэщыр наlуэ хъуащ. Мы зэlущlэ псоми топ куэд щыдагъэкlащ икlи абыхэм еплъыну кlуахэр зэшакъым.

«Шэрджэсым» иужь иту «Акъбащри» зэхьэзэхуэм зэрыхэкlыжам гъуащхьауэхэм я зэпеуэми аргуэру зэхъуэкlыныгъэ хилъхьащ, абы худагъэкlауэ щыта топхэр зэрыхамыбжэжым папщlэ. Иджы пашэныгъэр иубыдащ «Родник»-м щыджэгу Урысбий Ратмир. Ар мыгъэрей зэхьэзэхуэм пщlэнейрэ къыщыхэжаныкlащ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикlуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Ислъмей**» (Ислъэмей) - «**Черкес**» (Шэджэм) - **6**:**3**, «**Искра**» (Альтуд) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **5**:**1**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Бедик**» (Аргудан) - **4**:**2**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0**:**6**.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкlэлъыкlуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэlущlэнущ: мэкъуауэгъуэм и 28-м - «Логоваз» - «Бедик»; мэкъуауэгъуэм и 29-м - «Черкес» - «Родник», Спартак-Д» - «Псыгуэнсу», «Нартан» - «Искра», «Ислъэмей» - «Тэрч командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. **«Родник»**	**9**	**8**	**0**	**1**	**41-6**	**24**
2. **«Тэрч»**	**8**	**7**	**0**	**1**	**24-4**	**21**
3. **«Искра»**	**8**	**6**	**1**	**1**	**22-8**	**19**
4. «Спартак-Д»	9	4	2	3	25-23	14
5. «Нартан»	9	4	2	3	27-25	14
6. «Ислъэмей»	8	4	0	4	22-22	12
7. «Черкес»	9	3	3	3	20-17	12
8. «Псыгуэнсу»	8	3	0	5	14-28	9
9. «Малка»	8	3	0	5	13-19	9
10. «Бедик»	9	3	0	6	12-33	9
11. «Логоваз»	7	1	0	6	11-31	3
12. «Урыху»	8	0	0	8	9-24	0

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ lэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер lэнатlэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.443
Заказыр №1348
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта lуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр lэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКlЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* Пхытlыкl Марие *(1, 2-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*.
Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.
Сурэтхэм елэжьар Къарей Элинэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым lэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.